

Wasan  
PL  
5454  
G31

ASIA

MANGLE,

NJA ETA

ROEPA-ROEPA TJARITA  
REUDJEUNG TJONTO,

PIKEUN

PANGKAT KADOEWA DI SAKOLA SOENDA,  
BEUNANG NGARANG SARTA BEUNANG NGOEMPOELKEUN  
TOEWAN

W. VAN GELDER.

LEIDEN,

DI KANTOR TJITAK TOEWAN P. W. M. TRAP.

1890.

g.  
9.  
36.

g-9-36

Bibliothek  
NEDERL. ZENDINGSCHAP  
GEGSTGEEST

Wason  
PL5454  
G31

CORNELL  
UNIVERSITY  
LIBRARY





00-0-10

g-g-36

V. A. C.

11  
12  
13

**MANGLE.**

W. A. STEEL  
1212 1/2  
1212 1/2  
1212 1/2





MANGLE,

NJA ETA

ROEPA-ROEPA TJARITA  
REUDJEUNG TJONTO,

PIKEUN

PANGKAT KADOEWA DI SAKOLA SOENDA,  
BEUNANG NGARANG SARTA BEUNANG NGOEMPOELKEUN  
TOEWAN

W. VAN GELDER.



LEIDEN,  
DI KANTOR TJITAK TOEWAN P. W. M. TRAP.  
1890.

W 88 255

172

X



## I. OETJING-OETJINGAN.

Dina hidji peuting, mënëran keur gëde boelan sërta lenglang hënteu aja pihoejdaneun, di lëmboer Tjiateul koempoelan baroedak rek aroelin.

Ari anoe panggëdena di antara eta baroedak, anak toewakampoeng ngaranna Santa. Manehna ngomong ka batoerna kabeh, pokna:

„He, batoer-batoer! ajeuna hajoe oerang oetjing-oetjingan; oetjing loempat bae make kalang, tapi saha-saha anoe kaloewar tina kalang, eta noe djadi oetjingna.”

Tjek batoer-batoerna: „Hajoe atoe!”

Toeloej Santa njaloekan batoerna anoe ngaran Apen, pokna: „Apen, silaing njokot lëboe, toeloej njijeun kalang, sing djaoeh pangloempatanana sarta kalang boeleudna sing gëde, sabab loba batoer.”

Hënteu koengsi lila kalang geus anggeus. Tjek Santa: „Koemaha make boeboedogan atawa dibilangan bae?”

Djawab batoer-batoerna: „Ah, mënding dibilangan bae, sabab ari koe tjangreud mah, sok teu pati katara, wantoening ti peuting.”

„Enja! tjek Santa, keun dewek anoe milanganana, kadarijeu koempoel di loewareun kalang!”

Tidinja pek dibilangan bari noendjoek ka saerang-saerang, kijeu oenina: „*Tjok, tjang, si, pëntjok, si, katjang, si, niti, anggo, lati, lamëta, dening, si, togog.* Tah, salaing Asboen, djadi oetjing, hajoh

Pa Kejong: „Lamoen oedjang hajang njaho pětana njijeun goela, hajoe oerang ka imah ěmang, toeh diditoe!” bari noendjoek ka imahna.

Tidinja bral maranehna ka imah Pa Kejong.

---

Barang datang, njampak pamadjikan Pa Kejong djeung anakna keur njijeun goela.

Pa Kejong: „Tah kitoe oedjang, mimitina eta lahang diasoepekeun kana ijeu kantjah, toeloej ditaheur sarta make eta tjarangka pikeun tadah boedah. Toeh geuning boedahna wani ngagoelak-goelak naek toeroen.

Lila-lila eta lahang djadi kimpöl, sarta boedahna bejak, toeloej tjarangkana didjait. Barang keur roemamat eta lahang didjait djeung kantjahna, toeloej digoewis sarta dipepes koe moentjang, soepaja djadi kolot.

Barang geus rada tiis, toeloej ditjitak didijjeun gandoean. Sanggeus kitoe, eta goela diboengkoesan koe gëbog toehoer sapoeloeh-sapoeloeh.

Arpin: „Weu, mang, meureun raos tēmën goela haneut?”

Pa Kejong: „Atoeh poegoeh, soemawonna koekoeroedna mah.” Toeloej si Arpin dibere koekoeroedna.

Arpin: „Euleuh, ngeunah koetan ari koekoeroed goela haneut!”

Pa Kejong: „Mangkade bae djang; oelah raja teuing, matak lijeur.”

Arpin: „Sabraha ngadjoewalna dina saboengkoesna ?

Pa Kejong: „Hih, teu tangtoe, lamoen oesoem ngidjih lima sen, tapi dina oesoem katiga mah nēpi ka dalapan sen saboengkoesna.”

Arpin: „Beu, atoeh teu woedoe; meureun ěmang geus kagoengan loba artos.”

Pa Kejong: „Geuraheun djang, eta doewit ladang goela teh ditoeloejkeun bae ka djoeragan, da ijeu teh lain kawoeng ěmang sorangan.”

Arpin: „Ari kawoeng ngan woengkoel sok disadap bae, atawa aja deui damělna, mang?”

Pa Kejong: „Atoeh poegoeh aja deui mah. Geura koe ěmang rek disěboetan: indjoekna sok dipake sapoe, tambang, hateup, lělěsan djeung sok dipake boengkoes tihang tjěblok; kawoelna dipake neker, tapi koedoe dipaeh heula. Tjoba oedjang njaho, make naon deui djaba ti kawoel lamoen rek neker?”

Arpin: „Batoe seuneu djeung ganda-wěsi.”

Pa Kejong: „Enja běněr! Kadjaba ti noe geus disěboet tadi, kawoeng teh aja deui gawena: oepama ditoewar, diala atjina, tangkalna dipake talang djeung barera, haroepatna dipake noelis. Tjoba oedjang, rasa ěmang lamoen kitoe kawoeng pěrloe katjida dipikanjaäh, sabab mere hasil pirang-pirang ka oerang, tjara noe koe ěmang disěboetkeun bijeu.”

Arpin: „Weu, lěrěs pisan sasaoer ěmang. Mana koering mah, djaga lamoen geus gěde, rek mělak kawoeng djeung rek diadjar njadap tjara ěmang.”

Pa Kejong: „Beu, lamoen oedjang aja manah kitoe, ěmang ngadowakeun pisan. Tapi koemaha mowal poho deui eta atoeranana njadap teh?”

Arpin: „Lamoen poho deui mah, nja rek nanja deui bae ka ěmang.”

Pa Kejong: „Tjig/ atoeh djang geura balik, ěmang rek njadap geus běurang.”

### III. MARAK.

Keur waktœ katiga bangët oerang Dago badami djeung batoerna, pokna: „Hajoe batoer-batoer, isoe k oerang mararak Tjikapoendoeng palëbah lëmboer Bengkok, sabab tjai keur orot.”

Ari isoe kna bral arindit: kolot, boedak, awewe, lalaki, datangka lëmboerna rek meh kosong; aja noe manggoel patjoel, aja noe ngadjingdjing linggis, aja noe njoren korang, aja noe ngelek boboko djeung noe mawa ajakan, lambit, gobag, boeboe, soesoeg; sawareh aja noe mawa timbël atawa tjongtjot pibëkëleun. Sanggeus daratang ka noe rek diparak teja, toeloj naranjakeun ka noe djadi kokolotna, ngaranna Bapa Moesnah, pokna: „Mana heula anoe rek diparak teh, noe ngotjor kakoelon atawa noe ngotjor ka kidoel?”

Ari wangsoelna: „Ijeu heula noe ngotjor ka koelon, sabab didinja loba leuwina, tapi koela pepeling ka sakoer noe aja di dijeu: poma-poma pisan oelah gareuwah, sabab laoe kna ijeu leuwi gariras nakër.”

Geus kitoe gër pada digarawe ngabëndoeng eta waloengan: aja noe matjoel, aja noe noegar, aja noe ngalelempeng, sawareh anoe ngakoetan, noe nërapeun djeung noe njësëlan anoe botjor.

Tidinja kabeh pada toeroen sarta singkil, gër tjampœh ngarala laoe k; aja noe njair, noe njoesoeg, noe ngalambit, noe kokodok, noe pasang boeboe; sawareh noe nawoean tjai koe gobag; didengekeunana sora tjai patingkoetjoewëk patingsalëwoer.

Djalma-djalma paroho kana papatahna Pa Moesnah; tina bawaning soeka ati nendjo laoe k tingsoeroewoek tingkotjepat kawas dina balong baé, kabeh pada soe-

soerakan; ari pokna roepa-roepa, aja noe njëboetkeun: meunang nilëm, meunang lele, meunang badar, meunang kehel, meunang beunteur, meunang laeok ëmas, meunang bogo, meunang bëloet, sarta reja-reja deui djaba ti eta.

---

Katjaritakeun aja hidji boedak ngaranna si Arnan, anak toekang ngala kai, gëgëroengan di sisi waloengan, pokna: „Adoeh! adoeh! koering toeloeng, tjoe-roek dipatil lele, njërina geus dina kelek baé. Toeloej koe Bapa Moesnah dioebaran koe peudjit lele teja sarta bari diomongan: „Tah, koemaha ari kitoe, tjek kami ge tadi geuning oelah sok gareuwah, bisi kitoe.” Harita ge Si Arnan mah toeloej bae balik hënteu ngadagoan batoerna heula.

Teu koengsi lila djërit aja deui boedak tjeurik antëp-antëpan, pokna: „Alah njëri! alah njëri! di-tjapit keujeup!”

„Gegel bae gegel!” omong kolot-kolotna. Toeloej panjapit keujeup teh dikërëkëb, datangka rëmoek pisan; keujeup ragrag sarta ramona boedak teja gë-tihan.

Waktöe harita Nini Asnëm, anoe geus koerang bireungeuh, miloe njair, tapi teu miloe tjampoer djeung djalma loba, tina sijeuneun kadoepak, njairna toeroet sisi baé. Barang manehna njijoe, aja taroempah kasijoe, tjampoer djeung batoe. Pikirna nini-nini teh: tah, taksiran aing meunang laeok gëde. Toeloej batoena dipitjeunan, ana ret nendjo kana taroempah teja, toeloej njaloekan [intjoena, pokna: „Oedjang, geuwat kadijeu, nini meunang laeok gëde. Ana di-sampeurkeun, lain koe intjoena baé. Tidinja gër pada

njeungseurikeun bari ngaromong, pokna: „Abong-abong anoe geus teu mireungeuh, taroempah-taroempah dipadjarkeun laeok gède.” Tapi lila-lila mah karoenjaeun, toeloej pada mere laeok sasiki sewang.

Barang geus teu aja laeokna, toeloej harandjat sarta bendoenganana dibédahkeun djeung toeloej bėbėrših, sawareh toeloej baralik, ari noe sawareh deui maroerak bėbėkėlanana teja nja eta timbėl djeung tjongtjot, sarta mariroen seuneu meuleuman laeok bari dahar. Ari keur baralik sadjalan-djalan pada ngaromong silih-bedjakeun beubeunanganana.

#### IV. NOE RAJOENGAN.

Tasim anak noe beunghar, sakarėpna ditoeroet, wantoening anak sahidji. Dina hidji powe Tasim nendjo batoerna mamawa panggal awi, toeloej manehna menta doewit ka bapana keur meuli panggal tjara kitoe. Gantjangna dibere, toeloej dibeulikeun. Harita Tasim taja deui gawena rek meh beurang peuting ngan njonjoö panggal bae. Lila-lila bosėneun, toeloej gagang panggal teh dipotongkeun; kanjahoän koe oewana, tapi diantėp bae.

*ala* Tidinja Tasim manggih noe papanahan, manehna hajangeun pisan boga panah, toeloej ngoerihit deui ka bapana menta dipangmeulikeun. Tina njaähna ka anak koe bapana dipangmeulikeun. Tapi Si Tasim oenggal boga tjotjoän anjar tara tjeėh rėšėpna teh, ěnja mimitina mah taja deui gawena ngan ngoeroes eta bae. Ijeu oge kana panah teja ngan watėš

doewa tiloe powe rësěpeunana teh, toengtoengna mah gondewana dipinggěskeun.

Harita kanjahoan deui koe oewana, toeloej dibe-djakeun ka bapana, pokna: „Meugeus, eta boedak teh oelah diberean teuing tjtjoöan, sabab sok gantjang diroeksak djeung rajoengan.”

Barang Bapa Tasim ngadenge omong lantjeukna kitoe, toeloej anakna ditjaloekan, pokna: „Tasim kadijeu!” Boedak teh njampeurkeun. „Mana panggaldjeung panah teh? bapa ngilikan!” Tasim ngabideug bae, tina geus roemasa boga dosa. Disěntak koe bapana bari ditjarekan: „Ajeuna maneh koe aing mowal dipangmeulikeun kaelinan lamoen maneh anggěr sok ngaroeksak bae mah.”

Boedak teh watěs saboelan mah bageur; bapana karoenjaeun deui, toeloej ditjoba dibere doewit keur meuli pibadjoeun. Tasim toeloej ka pasar rek meuli ěntjit. Wantoning di pasar loba ěntjit warna-warna, manehna nendjo ijeu bogoh, nendjo itoe bogoh. Toeloej Tasim noendjoek kana ěntjit bari ngomong: „Tah ti dijeu motong tiloe elo, ti dinja tiloe elo, tapi ari ti ditoe mah doewa elo baè, sabab eukeur tjalana.”

Barang geus dipotong kabeh, ana diitoeng doewitna, ngan mahi pikeun doewa badjoeun teja bae, ari keur ~~doewit~~ tjalana mah teu aja. Tasim ngarendjag bari ngomong ka noe boga barang teh, pokna: „Kang, oelah djadi běndoe, ijeu pitjalanaeun koe koering mowal toeloes dibeuli, sabab teu aja doewitna, satadina koering teh roesoeh teuing, mawa doewit hěnteu dibilang heula, oedjoeg-oedjoeg leos dibawa ka dijeu bae.”

Djawab toekang barang: „Tah didinjana djalma koedoe asak rampa teh, oelah rasa maneh boga doewit, ijeu hajang eta hajang, ari karoegian batoer teu dioeroes.”

Tidinja Tasim balik ka imahna bari tjoemalimba, tina sabab kawiwirangan, rek menta deui doewit ka bapana.

Naha taksiran maneh dibere atawa mowal? Tatapi tina bageurna Bapa Tasim, toeloej nitahan hidji djalma nganteurkeun doewit pitjalanaeun teja, soepaja oelah djadi roegi ka noe dagang. Ari Si Tasim koe bapana disiksa.

## V. ANDJANG-ANDJANGAN.

Asnëm! keur naon ilaing Asnëm?

Teu, kami mah keur noenggoean imah bae.

Na kamana indoeng ilaing?

Keur noetoe indoeng kami mah.

Anggoer oerang andjang-andjangan di bale imah kami.

Ah, tjoemah di ditoe mah, di dijeu di kami anggoer Minah! bari noenggoean imah.

Heug atoeh di dijeu ge.

Tidinja toeloej Si Minah oenggah ka tēpas Si Asnëm. Tjék Si Asnëm: „Ajeuna oerang bari wawaroengan, kami anoe ngawaroengna, ilaing noe meulianana, nja Minah!

„Heug,” tjek Si Minah.

Toeloej Si Asnem ngaberes-bereskeun boekoe awi, ngoempoekeun boeboek taneuh djeung keusik, nejangnan p̄er pikeun laeokna, ngala majang djambe mi-



angka bejasna, daoen randoe pikeun minjakna, daoen djati pikeun ketjapna, tjangkang djengkol pikeun tjentongna djeung reja-reja deui daganganana, wantoening rek wawaroengan gëde. Tidinja pek dipëtakeun saadat bijasa di waroeng.

Teu lila datang Si Minah mawa doedoewitan tapok toetoet, tapok kejong djeung bëling bari ngamong, pokna: „Meuli sambëleun noen sapeser, tapi hajang tjabe tjengek, minjak sadoewit, laeok tiloe doewit, kopi sapeser, ketjap doewa sen djeung oeras lima sen, noen.”

„Mangga.” Toeloej koe Si Asnëm diladangan, ari minjak ditakërna koe tjangkang djengkol.

*lykook* „Meuli ontjom deui noen doewa doewit.” Toeloej koe Si Asnëm dibere sësëmplekan kënteng opat gëbleg.

*K* Tidinja batang deui batoer oelinna ngaranna Itas, anak tatanggana, rek barangbeuli, omongna:

*gma* „Ngagoweng aope djeung seureuh sapeser noen, angeun tiloe doewit, oejah sapeser. Ari ijeu koemëli sabraha sadoewitna noen?”

*1* „Dalapan,” tjek Si Asnëm.

*2* „Hinteu kenging sapoeloh?”

„Beu! mahal koering meulina ge ti pasar, tapi ka-djeun mangga bae tah salapan, sapedah ka baraja.”

Tidinja Itas dibere batoe anoe mareudjuehna, rejana salapan.

Sanggeus dadagangan toeloej Si Asnëm ngandjang ka Si Minah, bari kikiran. Barang datang ngomong, pokna: „Poentën noen!” *Itan manggala ny ny...*

„Rampes, tjalik noen.”

„Mangga.” Toeloej Si Asnëm asoep ka imah-imahan Si Minah, bari njodorkeun kikiran teja sarta ngomong, pokna: „Ijeu noen loemajan bae terong sarëng katjang.”

„Amboe, make barangkirim, njoesahkeun teuing noen.”

„Teu noen, teu njoesahkeun.”

*aa. l. id.*  
*noeng t. f.*  
*ke. s. p.*  
Tidinja Si Minah njodoran wadah seupaheun bari *ke. 2. 1.* ngomong: „Mangga noen ngalëmar.” „Mangga”, tjek noe disoegoehan tih. Teu lila disoegoehan ngopi. Omong Si Minah: „Mangga geura ngaleueut, lala-woehna mah teu sae. „Mangga,” tjek Si Asnëm.

Barang geus rada lila Si Asnëm ngomong, pokna: „Poentën bae koering ijeu noen.”

„Mangga, dihatoeranan naon atoe koe koering noen, sing mindëng bae tjalik ka dijeu.”

„Mangga noen. „Tjing mangga atoe oerang tjalik ka ditoe.”

„Mangga isoe k deui noen.”

Toeloej Si Asnëm balik.

## VI. TEJANGAN KËTJAP-KËTJAP ANOE MAKE AKSARA NOE DITOELIS DI HANDAP IJEU.

b, b, r, ng, a, a, a	=	bangbara
s, r, k, ng, a, a, a	=	
j, l, l, a, a, ng, a	=	
r, g, g, a, a, a ng, n	=	
oe, w, r, m, a, a	=	
t, i, a, p, h, oe	=	
n, l, k, t, oe, e, r	=	
oe, i, i, s, r, l	=	
l, k, m, oe, ë, i	=	
n, n, p, r, tj, a, a, oe	=	
r, m, b, k, t, a, oe, i, i	=	
g, ng, l, g, i, oe, oe	=	

## VII. KOKOLETJERAN.

Di desa Tjidadap aja hidji boedak ngaranna Si Onah, anak noe tatanen. Eta boedak rësépan pisan kana oelin kokoletjeran; koe bapana dipangnjijeunkeun koletjer aloes pisan. Dina hidji mangsa Si Onah rek kokoletjeran, toeloj njampeur ka sobatna ngaran Ibra. Ti djalan keneh manehna geus gëgëroan ka sobatna, pokna: „Bra, oerang kokoletjeran ka tégal euj!”

Barang Si Ibra ngadenge sora sobatna, toeloj manehna nondjol ti imah, loempat bari mawa koletjer, njampeurkeun ka Si Onah.

„Kamana euj kokoletjeran teh?”

„Ka tégal euj!” tjek Si Onah.

„Ah, ka tégal mah émboeng, panas, anggoer si oerang ka reuma baé.”

„Hajoe atoeh.”

Tidinja bral eta doewa boedak ka reuma noe aja di sisi desa Tjidadap, mawa tatanggër salobong djeung boentoet. Sadjalan-djalan eta doewa boedak soeka-soeka baé, bari hehejotan nangtang angin. Teu lila maranehanana geus daratang. Waktoe harita angin geus ngagëlëboeg bae. Si Onah ngomong ka sobatna: „Geura euj, koletjer dewek mah rek ditanggërkeun itoe dina tangkal poetat. Tidinja gën koletjer Si Onah ditanggërkeun, tapi hënteu daekeun mëniti; manehna heraneun pisan, toeloj nanja ka Si Ibra, pokna: „Naha koletjer dewek ajeuna mah teu daekeun mëniti? Tjoba noe silaing tanggërkeun Bra! soegan bae daekeun mëniti.” Geus kitoe gën anoe Si Ibra ditagënkeun. „Euleuh, naha noe silaing mah daekeun geuning!” „Hih, meureun bae noe silaing mah soegan

hěnteu dipalintjang heula," tjek Si Ibra. „Tjoba kadjeukeun, oerang mangmalintjangkeun." Tidinja sok koe Si Onah disodorkeun ka Si Ibra.

„Heh, ajeuna mah geura tanggërkeun deui," tjek Si Ibra; geus kitoe toeloj koe Si Onah ditanggërkeun.

„Toeh, geuning ajeuna mah daekeun mënit, hajoe Onah oerang ka saoeng ngijoehan!"

Bral eta doewa boedak ngarijoehan ka saoeng.

Barang geus aja di saoeng, maranehanana lalangkarakan bari nendjokeun koletjerna. Si Ibra ngomong ka Si Onah:

„Euj, tjoba dengekeun, koletjer dewek mani ngereng-ngerengan bae bari ngadoedoedan djeung tatanggërna moenggah mëlëndong-mëlëndong bae, boeboentoetna ngalëmpaj kawas tjetjepet laeok noe keur nganggang."

„Geura noe dewek ge sakeudeung deui njëgoek," tjek Si Onah. „Toeh geura Bra! tendjo tatanggërna geus mëlëndong, meh antël kana dahan poetat. Djëgoer! Amboeing mani kawas sora bédil bae." Eta doewa boedak hěnteu kira-kira soekana ngadenge koletjerna disada patembalan. Tina gëdena angin koletjer Si Onah ngëboel. Tjek Si Onah: „Euj, Bra! tjoba tendjo itoe baroengboeng koletjer dewek koenaon ngëboel kawas seuneuan." „Onah, geuwat balikkeun ebegna!" tjek Si Ibra. Toeloj Si Onah loempat njokot gantar, sarta eta koletjer ebegna dibalikkeun, koletjerna ragrag. Barang katendjo koe Si Onah baroengboengna toetoeng, manehna nanja ka sobatna: „Koenaon Bra, baroengboengna toetoeng?"

„Kapan panas, da bongan silaing njijeun baroeng-

boeng teh leutik teuing, da anoe dewek mah hade geuning."

Kira-kira poekoel tiloe, toeloelj eta doewa boedak baralik. Di djalan leumpangna ajang-ajangan, wantoening djeung sobat dalit; waktoe arek papisah Si Onah ngomong ka sobatna: „Isoekan oerang kokoletjeran deui nja Bra?" „Hajoe," wangsoelna Si Ibra.

Tjoba ajeuna oerang rek nanja ka moerid-moerid: kai naon anoe sok didijjeun koletjer? djeung kai naon anoe pangaloesna? Sarta ngan kai bae anoe sok didijjeun koletjer teh? Djeung iraha dipakena?

## VIII. BOEDAK TJËTJËRËMËD.

Dina këbon Bapa Kasim loba pisan tangkal boewahan: aja tjaoe, balingbing, djamboe-bol, angka, djeroek, boewah, manggoe, doekoeh djeung reja-reja deui.

Dina hidji mangsa keur waktoe tangkal boewah keur boewahan, Kasim ditjaloekan koe bapana, pokna: „Hajoe Kasim oerang ngala boewah, tjig menta taradje ka indoeng djeung mawa randjang keur wadahnya." Toeloelj boewah teh dipoepoe: aja noe geus arasak sarta galède djeung aja deui noe aratah keneh.

Si Kasim koe bapana dibere doewa anoe panggälëdena. Euleuh Si Kasim atoheun pisan sarta boewah teh dihakan harita bae. Barang geus anggeus moepoena, toeloelj baralik sarta boewahna diampihan di pangkeng.

Katjaritakeun Kasim teja boedak bageur, ngan eta sok tjëtjërëmëd kana kahakanan. Ari isoekna sabot

bapana ka sawah djeung indoengna ka pasar, Si Kasim asoep ka pangkeng, njokot boewah lima noe panggëdena. Ari pangirana Si Kasim eta boewah teu dibilang anoe matak wani njokot teh. Ari boewahna noe hidji dikandoeng, anoe opat deui disoempoeurkeun handapeun anggëlina.

Tina liwat saking beukina kana boewah, Kasim toeloj ka pipir leuit ngadon ngahakan boewah anoe dikandoeng teja. Tina ngeunahna manehna asoep ka imah rek njokot hidji deui, tapi teu toeloes, sabab bapana kaboeroe datang.

---

Barang gok ge amprok, bapana geus njahoeun bae, jen Kasim mëntas ngahakan boewah, sabab katara dina leungeunna lamokot keneh, soengoetna koneng sarta mëlëngsëng baena, tapi bapana api-api teu njahoeun bae.

Geus kitoe Si Kasim bidjil, toeloj bapana asoep ka ënggonna, sarta boewah teh kapanggih handapeun anggëlina.

Ari sorena keur waktoe dadaharan, Kasim ngan dibere boewah bae, anoe beunang bapana njokot tina handapeun anggëlina teja.

Isoekna nja kitoe deui bae, samemeh bapana ka sawah, dadaharan heula, tapi Si Kasim teu dibere deui bae sangoe, ngan diasoran boewah woengkoel, menta oge sangoe teu dibere.

Dëmi sorena nja kitoe deui bae, ngan disodoran boewah, tapi hënteu dihakan, sabab koe boewah mah geus seubeuheun, hajangeun soteh sangoe. Tina sabab peuriheun beuteungna hajangeun njatoe, toengtoengna tjeurik.

Tjek bapana: „Tah! ajeuna mah karasa koe silaing, mana ari djadi boedak oelah barangtjokot sakoemaha karëp, iamoen hënteu karana aja idin kolot, da ëngke ge mo boeroeng dibere sarta dimeudjehnakeun. Geuwat ajeuna eta boewah bawa ka oeroetna tadi!”

Kasim eraeun katjida doemeh dosana kaboeuka, toeloej boewah teh diteundeun deui ka pangkeng. Tidinja Kasim dibere sangoe, dititah njatoe sakarëpna, tapi dadaharanana ngan saeutik, sabab eraeun keneh.

---

## IX. DJANGKRIK.

Di lëmboer Tjidoerian loba pisan baroedak anoe keur mareudjehna keneh rësëp oelin. Isoek-isoek maranehanana arindit ka sawah rek narejangan djangkrik, gawena tingkaroreh dina djoekoet: aja noe meunang djangkrik tatamboeran, aja noe meunang djangkrik tiktikër, djeung sawareh aja noe meunang djangkrik bawang. Toeloej koe maranehanana dipangalakeun kahakanan njaeta gelang djeung aja oge anoe diparaban koe tjabe.

Dëmi ditareundeunna dina roewas anoe beunang ngaloes-ngaloes atawa dina kaleng. Tidinja koe baroedak teh gër diadoekeun dina logak; anoe teu daekeun diadoe koe maranehna dioenda, diarah mabokna. Djangkrik diadoe sarta disada, sawareh aja noe nëpi ka simping; baroedak teh soeka seuseurian tjatjalakatakan bari njolokan djangkrikna.

Barang baroedak keur soekan-soekan kitoe, aja goeroe njampeurkeun sarta mariksa:

„Eukeur naon baroedak ngarijoeng di dijeu?”

Tjek alona: „Hěnteu, keur ngadoe djangkrik, toeh djangkrik koering mah hěnteu kijeu-kijeu, ari noe Neon mah mani simping.”

Saoer goeroe: „Beu baroedak, hěnteu hade eta kalakoean maneh kitoe teh. Tjoba maraneh djadi djangkrik, koemaha pirasaeun lamoen disoentroeng-soentroengkeun atawa diapoeng-apoengkeun, sarta toeloej digěloetkeun datangka roeksak awak maraneh? Enja djangkrik lain manoesa teja mah, tapi kaäsoep kana mahloek keneh. Soemawonna eta mah ngadoekeun hajam atawa domba oelah pisan, sabab loba hajam anoe bangkar harita. Kitoe deui domba anoe dipikanjaäh koe maneh sok diadoekeun, nēpi ka aja noe poegoer tandoekna, eta teu hade pisan. Naha pantēs barang noe dipikanjaäh koe maneh dinjēnjēri? Lamoen boga domba, hajam atawa poejoeh, anggoer paraban hade-hade.”

Tidinja baroedak teh hěnteu ngaromong deui, sēmoe-sēmoe noe era, toeloej bae baralik.

---

## X. KADOE.

Dina hidji kampoeng aja hidji djoeroe tani mėlak boeboewahan roepa-roepa, saperti: kadoe, djeroek paseh, boewah tjěngkir, boewah gědong, kaweni, sawo djeung reja-reja deui.

Oenggal moesim boewahan, eta tatangkalan boewahna sok leubeut pisan, kitoe deui tangkalna harandap djeung dahanna ngarangkadak, sabab mijarana hade sarta keurna leutik keneh, dahanna sok dibeungbeuratan batoe, nja eta soepaja ngarangkadak.



Koetina kaäloesanana eta këbon, reja pisan menak-menak noe tjaralik kadinja, oepama eukeur ngaronda lëmboer-lëmboer.

Katjaritakeun eta djoeroe tani boga anak doewa: awewe hidji, lalaki hidji; ari tjikalna, lalaki ngaranna Si Dasim, dėmi adina Si Saminah.

Si Dasim bangor katjida sarta tara noeroet ka omong bapana, ari Si Saminah mah hěnteu kitoe.

Dina hidji peuting bapana ngomong ka anak-anakna, pokna: „Baroedak, lamoen maraneh rek ka këbon, poma-poma pisan oelah aroelin di handapeun kadoe, bisi katinggang koe boewahna.” Djawab anak-anakna: „Mangga bapa, sėdja diėstokeun pisan.” Tapi ari pamikir Si Dasim, bapana ngomong kitoe teh ngan koe sabab njaäh koe boewahna bae bisi diala, da galėde nakėr.

Ari isoek-isoek samemeh baranghakan Si Dasim ngadjak oelin ka adina ka këbon.

Djawab adina: „Ah, alim kaka, da eta koering mah tatjan njatoe, djeung kaka mah tara mere boewah.”

Tjek Dasim: „Hih, teu oemoem, ěngke koe kaka dipangalakeun sing reja.” Geus kitoe toeloj ka karėbon.

Barang datang Si Dasim toeloj ngala djėroek paseh sarta dihakanan diloehoer, tapi ari Si Minah mah teu dibere. Tidinja Si Dasim toeroen rek ngala deui kadoe.

Omong Si Minah: „Kaka, mana koering nėda djėroek paseh? Kaka mah hajang seubeuh sorangan bae, ari ka koering mah teu mere.”

Djawab Dasim: „Engke rek ngala kadoe heula!”

Omong Si Minah: „Aeh kaka, geuning saoeur bapa oelah ngadeukeutan tangkal kadoe bisi katinggang boewahna.”

Wangsoel Dasim: „Hih, ari boedak bodo, bapa mah ngomong kitoe soteh, lëbareun koe boewahna bae.” Sanggeus ngomong kitoe Si Dasim njokot gantar, toeloej naek kana dahan kadoe noe handap.

Tidinja manehna ngadjoel boewah kadoe anoe panggedena. Tapi, weu, tjilaka: eta kadoe ragragna mapaj gantar, ana ninggang kana beungeutna, Si Dasim ragrag sarta kapaehan.

Si Minah tjeurik bari loempat ka imahna bebedja ka bapana, jen Si Dasim ragrag tina kadoe sarta beungeutna katinggang koe boewahna.

Barang bapana ngadenge omong anakna kitoe, toeloej moeroe ka këbon, ana ditendjo Si Dasim ënggeus ngadjolor, toeloej koe bapana digandong dibawa ka imahna. Ari raheutna djëro pisan, meunang saboelan mah Si Dasim hënde<sup>u</sup> bisa kaloewar-loewar. lt

---

## XI. BOEDAK ANGON.

Dina hidji lëmboer aja hidji djalma noe reja moendingna, ngaranna Dipa. Demi pangangonna aja doewa, nja eta Si Bontjel djeung Si Patjet.

Dina oesoem njamboet eta moending saban isoe sok dipake di sawahna atawa disewakeun. Dimana mëntas dipake, toeloej diarangon koe eta doewa boedak ka téggal. Lamoen moendingna keur djongdjon njaratoean, baroedak angon teh sarënageun, saka-

peung mah naek kana peuteujselong atawa toempak moending bari kakawihan.

Eta doewa boedak sedjen kawihna pada mawa karëp sorangan. Ari Si Bontjel ngawihna bari toempak moending, kijeu pokna:

*Doedoekoej pëlëntoeng digantoeng, digantoeng dikakaitan.*

*Koe indoeng didjoeroeng njandoeng, koe bapa ditjeungtjeurikan.*

Ari Si Patjet eundeuk-eundeukan dina tangkal djarak barina ngawih, kijeu pokna:

*Dëngkleung dengdek, boewah kopi raranggeujan.*

*Mingkeun noe dewek, oelah pati diheureujan.*

Djeung loba-loba deui kawihna eta doewa boedak djaba ti eta.

Teu lila Si Patjet ngomong ka batoerna, pokna: „Euj! hajoe oerang njarijeun taleot keur ëngke ari balik.” Tjek batoerna: „Hajoe euj!”

Toeloej maranehna ngarala taneuh porang sarta toeloej diëmple-ëmple didjijeun taleot. Tjek Si Bontjel: „Kari njijeun moemoendinganana keur adoekeuneun ajeuna euj!” Tjek batoerna: „Hajoe.”

Toeloej maranehanana njarijeun moemoendingan sarta pek diadoekeun. Maranehananana teu kira-kira sarokana, seuseurian tjatjalakatakan.

---

Barang geus rada bosëneun Si Bontjel ngomong ka Si Patjet, pokna: „Hajoe euj oerang maraling bonteng! Tapi Si Patjet diadjak teh hënteu daekeun, omongna: „Ah, ëmboeng dewek mah sijeun kapanggih koe noe boga. Silaing oge oelah euj, bisi ditalian.” Tapi Si Bontjel hënteu daekeun noeroet, toeloej bae maling bonteng.

Barang keur ngala bonteng bari noengtoet ngahakanan, anoe boga bidjil ti saoeng, toeloej ngoedag ka Si Bontjel. Si Bontjel kasoesoel sarta dirangkatan koe njere datangka ngagaralang.

Tjek Si Patjet: „Anggoer oerang sosorodotan euj, djeung maling bonteng mah matak diteunggeulan.” Toeloej maranehanana ngarakoetan leutak ti sawah dibawa ka noe lamping, sarta toeloej sosorodotan. Tatapi Si Patjet henteu lila sosorodotanana, omongna: „Ah, dewek mah anggeus euj, da moending sijeun ngarandjah kana pare batoer.” Toeloej bae mandi sarta noenggoean deui moendingna.

Ari Si Bontjel mah tonggoj bae sosorodotan, toengtoengna moendingna ngarandjah kana kēbon katjang batoer. Noe boga ngambék, toeloej ditejangan boedak angon teh, ana kapanggih keur sosorodotan bae. Si Bontjel bejak bérésih ditjarekan koe noe boga kēbon katjang teh.

Barang geus boerit toeloej baralik sarta moendingna digiringkeun. Tapi Si Bontjel balikna henteu soeka tjara sasari, rada ngoejoeng, sabab njerieun awakna, sarta kasijeunna dibedjakeun ka djoeraganana, jen kitoe lampahna. Dēmi Si Patjet balikna toempak moending bari nabeuh taleot.

---

## XII. KAHOEROEAN.

Si Djabrig anak toekang ontjom boga sobat dalit pisan, ngaranna Si Kejong. Manehna ana oelin sok rerentetan bae.

Dina hidji powe Si Djabrig ngomong ka sobatna,

pokna: „Jong! hajoe euj oerang oelin ka tangsi nendjokeun përdjoerit baris, geura rësëp nakër.

„Kana naonana silaing rësëp teh Djabrig?” tjek Si Kejong.

„Ah, eta dewek mah euj ka noe djiga tërëbang, geuning sok disorendang.” „Hih, Si doesoen,” tjek Si Kejong, lain tërëbang eta mah, tamboer ngaranna.

„Ari silaing kana naonana nja rësëp?” tjek Si Djabrig.

„Beu, dewek mah model, nja eta ka toewan Adjidanna. Geura euj rësëp pisan, nendjo pëdangna goeuerilapan kawas eunteung bae djeung dina taktak-badjoena sok make omjok pasmen; euleuh, aja ginding nja euj!”

Sabot eta boedak keur ngomong kitoe, trong aja noe nitirkeun kohkol. Si Djabrig ngarendjag, pok ngomong ka sobatna: „Euj, sada noe nitirkeun kohkol? Geura dengekeun: trong! trong! trong! tah, tetela euj, bowa aja noe kahoeroean.” „Ah, tatjan poegoeh, bowa teuing aja noe ngamoek atawa noe minggat ti boewi,” tjek Si Kejong. Toeh geuning aja noe loempat, tjoba tanja Djabrig.” „Wah, mang! aja naon loe-loempatan?”

Djawab noe loempat bari toeloj: „Kahoeroean! geuning eta kohkolna nongtrongan bae djeung lotjeng digojangkeun.”

„Lailah ënja bae, di mana mang? Djeung imah saha noe kahoeroean teh?”

Djawab noe ditanja tadi teh: „Bedjana mah di koelon, di Poengkoer.”

„Euleuh Kejong, tjoba itoe tendjo, haseupna wani ngabëlëgëdëg!” tjek Si Djabrig.

Teu lila gër aja noe ngagoeroedog ngagoeroeh djeung aja noe soesoerakan.

Tah, geura kompa euj, toeh geuning da ënja, hajoe oerang miloe." Bral eta doewa boedak miloe djeung toekang kompa. Barang datang ka noe kahoe-roean teja, geus koempoel toewan-toewan djeung menak-menak, sarta kompa harita tjaina geus njërëlëng bae kawas pantjoeran djeung riboet djalma-djalma noe noeloengan barang-barang, sawareh deui aja noe noewaran tangkal tjaoe dialoeng-aloeungeun kana seuneu hoeroeng.

„Euleuh Kejong, tjoba itoe noe boga imah matak karoenja, geus tjeurik bae bari ngarërëwig sarta hënteu poegoeh polahna. „Hër, itoe mah aneh euj!” tjek Si Kejong, „anoë imahna beh kaler bët lain ngadjaga seuneu, anggoer heug baé ngatjoengkeun këris bari gëgëroan, pokna: „Ngidoel! Ngidoel! djeung itoe aja noe mawa eunteung dina soehoenan bari ditodjokeun kana seuneu.” „Amboe, eta Mas Lëbe Poengkoer keur adan bae,” tjek Si Djabrig.

Teu koengsi lila eta seuneu ngalentab kana imah-imah noe nodjokeun këris djeung eunteung teja datangka meh bejak, ngan hadena kaboeroe koe kompa sarta teu koengsi lila eta seuneu pareum.

Barang seuneu geus pepes, toeloëj djalma-djalma noe noeloengan teh baralik, kitoe deui rame anoe ngagoesoer kompa djalma pirang-pirang bari soesoerakan. Eta doewa boedak toeloëj deui balik.

Barang datang ka imahna, Si Djabrig tjarita ka indoengna, pokna: „Eteh, koering mah tadi nendjo noe kaheroean di Poengkoer, djeung koering heran pisan nendjo djalma anoe naek kana soehoenan, bari mawa eunteung, këris, toembak sarta ditodjokeun

kana seuneu, eta teh ambrih naon?" Ari djawab indoengna: „Eta gawena soepaja imahna oelah kabeuleum.”

„Geuning meh bae bejak kabeuleum, tjek Si Djabrig, ngan hadena bae kaboeroe koe kompa.”

„Hih, eta mah montong pandjang tjarita, da Eteh ge bedja deui ti ěmbah, nja ari kabeuleum mah geus takdiring Goesti Allah bae.”

„Beu, lamoen kitoe mah nja matih kompa tibatan pakarang teh kana seuneu mah, nja Eteh,” tjek Si Djabrig.

---

### XIII. MARIJAH DJEUNG SAMSI.

Dina hidji kampoeng aja hidji boedak sakola ngaranna Samsi. Eta boedak sakolana kakara pangkat kahidji. Didinja geus ngabakoe dina oenggal-oenggal toetoeop boelan moerid-moeridna sok dibagi gĕrip hidji sewang.

Mĕnĕran dina powe, Sĕnen toetoeop boelan, baroedak kabeh pada ngarĕp-ngarĕp kana dibagi gĕrip. Aja oge noe njoehoenkeun, tapi koe goeroena hĕnteu digoegoe, koesabab geus tereh baralik.

Barang geus boebaran sakola goeroena njaoer ka moerid-moerid, saोजना: „Baroedak, isoekan poekoel dalapan isoek-isoek koe kami rek dibagi gĕrip, tatapi saha-saha noe ělat datang mowal dibere.” Eta moerid-moerid barang ngadenge saer goeroena kitoe aratoheun pisan, toeloj baralik.

Barang geus daratang ka imah-imahna, maranehanana djangdji ka indoengna hajang dihoedangkeun isoek-isoek.

Isoekna powe Salasa moerid-moerid geus darijoek dina satĕmpat-tĕmpatna. Tidinja toeloej koe goeroena dibagi gĕrip hidji sewang. Barang poekoel sapoeloh moerid-moerid ka loewar aroelin, wantoening waktoe eureun.

Si Samsi toeloej ka noe dagang katjang beureum, tapi ari rek meuli teu bogaeun doewit, koedak-kodok kana pesak ngan aja gĕrip bae. Tidinja los njampeurkeun ka Nji Marijah sarta bari ngomong, pokna: „Nji Marijah ijeu beuli gĕrip koering tiloe peser.”

Ari tjek Nji Marijah: „Ah, ĕmboeng, lamoen sasen mah daek.” „Mangga bae,” tjek Si Samsi. Sok dibajar koe Nji Marijah. Geus kitoe Samsi loempat ka noe dagang katjang beureum teja sarta toeloej meuli sapeser, ari noe sapeser deui dibeulikeun kana bandrek.

---

Barang geus ditongtrongan, toeloej moerid-moerid arasoep deui. Tidinja goeroena miwarang noelis dina sabak sarta toeloej andjeunna njontoan dina papan.

Moerid-moerid prak nardoelis, tapi ari Samsi tjitjing bae, sabab teu bogaeun gĕrip. Katingali koe goeroena, toeloej Samsi dipariksa: „Samsi, naha maneh tjitjing bae hĕnteu noelis?

Pihatoerna Samsi: „Soemoehoen teu gadoeh gĕrip.” Goeroena mariksa deui: „Naha dikamanakeun gĕrip maneh? Kapan tadi dibere.” Wangsoel Samsi: „Soemoehoen leungit.” Koe goeroena dilĕlĕkan sarta Samsi toeloej ngakoe, jen gĕripna didjoewal ka Nji Marijah sasen, nja<sup>1</sup>eta moerid batoerna keneh.

Goeroe mariksa ka Nji Marijah saerna: „Marijah, ĕnja maneh meuli gĕrip sasen ti Samsi?” Pihatoerna „Soemoehoen.” Saer goeroena: „Samsi geuwat poe-



langkeun deui doewitna ka Marijah.” Ari wangsoel Samsi: „Soemoehoen parantos seëp dibeulikeun kana katjangbeureum saréng bandrek.

Toeloej Samsi djeung Nji Marijah doewanana disiksa. Samsi sanggeus boebaran sakola ditjandak ka boemi goeroena disina nganggeuskeun pagaweanana. Nji Marijah ge disiksa, koesabab wani-wani meuli gërip ti Samsi, karana di sakola teu meunang djoewal meuli atawa oeroep-oeroepan. Tidinja goeroena njaoer deui ka Nji Marijah, saोजना: „Eta gërip koe maneh koedoe dibikeun deui ka Samsi, djeung Samsi koedoe menta sasen ka Éma pikeun ngagantian.

Isoekna Samsi menta doewit ka indoengna. Tjek indoengna: „Keur naon maneh menta doewit?” Wangsoel Samsi: „Keur ngagantian gërip ka Nji Marijah, sabab gërip koering didjoewal ka manehna, ari doewitna koe koering geus bejak.” Toeloej koe indoengna dibere bari ditjarekan.

Koesabab eta sakabeh moerid-moerid oelah wani oeroep-oeroepan atawa ngadjoewal parabot sakola, sabab teu hade sarta njoesahkeun ka kolot djeung ka goeroe. ●

---

#### XIV. AMBIL-AMBILAN.

Di lëmboer Lengkong loba baroedak awewe djeung lalaki, aroelina sakapeung sok tjampoer sakapeung sok misah.

Dina hidji powe, kira-kira poekoel lima sore, keur waktoe baroedak lalaki anoe galède aroelin ka sawah, boedak awewe djeung baroedak lalaki noe laleutik ngarijoeng, sèdjana rek aroelin.

Tjek noe hidji: „Hajoe batoer oerang ambil-ambilan.”  
Wangsoelna: „Hajoe, saha noe djadi Indoeng?”

Tjek Djamah: „Koering bae djadi Indoeng.”

Tjek Sabėnah: „Ah, koering bae djadi Indoeng.”  
Toeloej dipilih koe batoerna noe reja, saha noe pang-  
gėdena; ari noe djadi Sabėnah, sabab eta anoe pang-  
gėdena teh.

Tjek noe loba: „Saha ajeuna noe djadi akina?”

Tjek Sabėnah: „Atoeh Djamah bae djadi Aki.”

Toeloej Indoeng sabatoerna misah ti Aki. Geus kitoe  
pok Aki ngomong bari dilagoekeun, pokna: „Ambil-  
ambilan, toeroegtoeg hajam samantoe.”

Tembal Indoeng: „Saha noe diambil-ambil teja, kami  
mah teu boga intjoe di dijeu mah ngadji kokoro.”

Tjek Aki: „Nji Oeti-Oeti ge daek, poerah noetoe  
poerah ngedjo, poerah ngasakan baligo, poerah tjalik  
dina lampit, poerah toenggoe imah gėde.”

Tembal Indoeng: „Njėrieun soekoena, katjoegak  
koe kaliage.”

Tjek Aki: „Aja oebarna, oerat goeling sampoerage,  
tigoeling njetjolan dage.”

Toeloej Oeti njampeurkeun ka aki bari engke-eng-  
kean, djeung koe batoerna disoerakan, pokna: „Hojah,  
maling ěndog! Eta kitoe bae satoeloejna, datangka  
baroedak teh kabeh koempoel di Aki teja.

Tidinja Indoengna noenggėlis kari sorangan. Toeloej  
Aki nitahan hidji boedak ngala Indoengna teja, tapi  
Indoengna teu daekeun, omongna: „Emboeng sijeun  
andjing.”

Geus kitoe Aki nitahan deui noe sedjen, tapi teu  
daekeun keneh bae, pokna: „Hajang diala koe Aki  
koe maneh.”

Tjek Aki: „Bedjakeun ka Indoeng, andjing ajeuna<sup>a</sup>

geus euweuh, geus dipaehan, djeung geus meuntjit hajam, geus ngangeun djeung geus disadijaän bakakak.”

Eta baroedak noe loba sina njaroempoet, soepaja oelah katendjo koe Indoeng teja. Toeloej Indoengna njampeurkeun. Barang datang, baroedak anoe njaroempoet teja njalampeurkeun bari ngagogogan ka Indoengna.

Indoengna loempat, toeloej diaroe dag bari didjembelan, ditjiwitan, datangka tjetjerewetan.

Geus kitoe disampeurkeun koe Aki sarta ditanja, pokna: „Mana anoe njëri?” Indoeng nembal bari noedoeheun: „Ijeu leungeun anoe njëri teh.”

Tjek Aki: „Koe saha?” Toeloej koe Indoeng ditoe-doeheun. Tidinja koe Aki dipangmalëskeun diteunggeul lalaoenan. Kitoe bae aroelina baroedak teh.

Ari geus toetoeup, ririjoengan deui bari ngaromong. Hënteu koengsi lila indoeng Sabënah njaloekan, pokna: „Sabënah! geura ka imah sareupna.

Tjek Sabënah bari indit: „Eh, batoer-batoer! isoekan bae oerang aroelin deui, andjang-andjangan.” Tidinja toeloej baralik asoep ka saimah-saimahna.

---

## XV. TOETOEROETJINGAN.

1. Hiroep lain koe njawa, leumpang lain koe soekoe.
2. Kadenge karasa, tapi teu katendjo.
3. Tangkalna ke, boewahna ko.
4. Ana nangkoeban pinoeh, ana nangkarak kosong.
5. Tiloehoer padoeng, ti handap padoeng, di têngah gegelentjengan.
6. Soekoena tiloe, matana opat.

7. Nini-nini ragrag soerak.
8. Sisitan lain kantjra, koekoentjoengan lain mĕrak.
9. Aja awak euweuh soekoe, aja beuheung euweuh hoeloe, aja leungeun euweuh ramo.
10. Ngaberes kawas pĕrdjoerit, beunang diadjakan ngomong, tapi hĕnteu njawaän.

## XVI. BOEDAK TJOELIKA.

Aja hidji toekang sapatoe boga hidji anak laki, ngaranna Si Tahir, teuing koe tjoelika. Ari karĕsĕpna ngaheureujan anoe ngaliwat. Dimana reup peuting, toeloej manehna ngala tangkal taleus, pek ditjoletan koe apoe diroepakeun oraj-wĕlang. Toeloej digolerkeun ditĕngah djalan sarta ditalian koe bĕnang hideung. Dĕmi talina ditjĕkĕlan koe manehna bari njoempoet di noe boeni. Oepama aja noe ngaliwat, toeloej talina dikĕnjang, soepaja dinjanaän oraj ĕnja.

Teu koengsi lila djol noe nanggoeng pare ngaliwat kadinja, katintjak oörajan teh. Toeloej tangoenganana ditinggangkeun sarta rantjatanana dipaoet, dipake neunggeulan oraj, datangka sapat oörajan teh. Tidinja pek ditjoëran koe rokrak, ana ditĕgĕs-tĕgĕs bĕt lain oraj, toeloej bae manehna balik.

Si Tahir bidjil tina panjoempoetanana sarta bari seuseurian tjatjalakatakan, boga rasa, jen kadjadian ngaheureujanana teh. Atoeh beuki deudeuieun bae nijatna goreng teh.

Tatapi Si Tahir aja deui karĕsĕpna, nja eta toetoe-lisan dina gĕbjog koe arĕng. Dina hidji powe Si Tahir dititah barangbeuli ka pasar. Ari di djalan gok papanggih djeung noe nanggoeng arĕng.

Tidinja manehna dodongkoan rek njokot arëng, barang top njokot, kabënëran anoe nanggoeng teh ngalijeuk, toeloej tanggoenganana diëtjagkeun, sarta toeloej ngoedag Si Tahir, datangka beunangna.

Geus kitoe Si Tahir diperong koe arëng. Si Tahir tjeurik gëgëroan, toeloej balik ka imahna. Sapandjang djalan manehna diagër-agër sarta dipoepeas, pokna: „Tah kitoe, ari noe tjoelika mah sok aja babalësna.

## XVII. NGAKOET.

Si Djasim ngomong ka batoerna oelin ngaran Si Bëgoe, pokna: „Bëgoe, silaing rek mantoean ngakoet ka djoeragan loerah?”

Bëgoe: „Naha iraha ngakoetna djoeragan loerah teh?”

Djasim: „Apan isoekan, naha bapa silaing hënteu dihiras?”

Bëgoe: „Teu njaho, da dewek mah kakara datang ti pangangonan. Ah, dewek ge rek mantoean, lamoen ënja mah rek ngakoet, da sok reja soesoegoehna.”

Djasim: „Atoeh poegoeh, meuntjitna ëmbe ge gëde nakër, djeung rësëp euj, sok loba noe mantoean, malah rëngkongna ge sababaraha pasang djeung make nanggap ogel.”

Bëgoe: „Tjik atoeh dewek ngindjeum rantjatan.”

Djasim: „Naha dikamanakeun rantjatan silaing? apan bareto boga aloes pisan.”

Bëgoe: „Apan bareto potong, basa keur mantoean ngakoet ka Pa Marah.”

Djasim: „Hade lamoen noe silaing potong mah, sabab da dewek rek make rëngkong.”

Běgoe: „Naha silaing boga rěngkong? Rasa dewek silaing mowal kadoega make rěngkong, da ěnja ge saeutik bawana, rěngkong mah koedoe digoebag-gabig, matak njėri awak.”

Djasim: „Ih, sageuj! kapan geus dipangnjijeunkeun koe Bapa rěngkong leutik, ngan opat geugeus momotna ge, geus ngalajan djeung Si Sarpan, malah kamari ge geus dipėtjak-pėtjak.”

Běgoe: „Ah, handjakal dewek hěnteu menta dipangnjijeunkeun ka Bapa. Atoeh ngindjeu rantjatan silaing teja bae euj, da njijeun rěngkong mah mowal kaboeroe.”

Isoekna Si Sarpan njampeur ka Si Djasim, tidinja toeloj doewanana ka Si Běgoe. Teu lila bral tiloanana arindit ka sawah, tatapi barang datang kadinja tatjan reja djalma, ngan toekang mitěmbějan geus kasampak keur dijoek bari njanghareupan papakean anoe araloes djeung lawon bodas, pikeun ngadangdanan Iboe. Tidinja eta Iboe toeloj didangdanan make karembong loktjan, samping satrija djeung make ditijoengan koe lawon bodas.

Děmi lalakina make diběndoan. Toeloj eta Iboe dikokoesan, sarta make disodoran doewėgan, roedjak tjaoe djeung roedjak kalapa.

---

Eta boedak noe tiloan teja marolotot bae nendjokeun bari sěmoe heran, karana ěnja oge manehna geus minděng mantoan ngakoet, ari noe kitoe mah tatjan pisan njahoeun, sabab datangna sok geus bareurang.

Barang geus meunang sadjongdjongan, Si Djasim nanja ka toekang mitěmbějan, anoe ngadangdanan pare teja, pokna:

„Ĕmbah, naon ngaranna eta noe dibeungkeutan laleutik teh? geuning daoenna hĕnteu dipitjeunan sarta meungkeutna koe kanteh.”

Ĕmbah: „Eta ngaranna tjĕpil, nja eta pare noe tjeulian.”

Djasim: „Ari eta noe ditijoengan lawon bodas djeung noe ditotopongan naon ngaranna?”

Ĕmbah: „Ih oedjang, eta mah ngaranna Iboe istri-pamĕgĕt.”

Djasim: „Djeung eta anoe dikoekoentjoengan, naon ngaranna?”

Ĕmbah: „Ari eta mah Tjapit, minangka noe djadi tanda pangiring Iboena.”

Djasim: „Geuning make disodoran doewĕgan djeung roedjak tjaoe.”

Ĕmbah: „Ih, kapan samemeh indit, Nji Sri sina barangtoewang heula.”

Djasim: „Embah, naon sababna noematak saban noe ngakoet sok make Iboe?”

Ĕmbah: „Koemaha oedjang teu atjan mangarti? Eta Iboe hartina iboena Nji Sri, soepaja andjeunna tĕtĕp. Sabab lamoen taja Iboe, ibarat oerang teu boga indoeng bapa, djadi teu poegoeh toetoerkeuneun.”

Sanggeus rada beurang, boeroeboel pirang-pirang djalma kolot boedak, anoe rek mantoean ngakoet teja. Ogelna geus sadija, pada ngarais dogdogna sarta toekang rĕngkongna geus pada njarĕkĕlan hatong.

Barang toekang ogel nabeuh dogdogna, bral arindit. Iboena digotong dina djampana, anoe make dihoeloenaga. Ari leumpangna ngaleut: pangheulana ogel, toekangeunana djampana, geus kitoe katoemboe koe rĕngkong djeung noe nanggoeng geugeusan.

Ari Djasim djeung sobatna teu kira-kira rarësëpeunana tjampoer djeung noe reja. Sadjalan-djalan rame noe soesoerakan taja eureunna.

Barang datang ka lëmboer, di hareupeun leuit njampak bangkoe diamparan lawon bodas, toeloej eta Iboe ditjalikkeun dina bangkoe bari dikoekoesan, ogelna noeroengtoeng bae taja eureunna.

Barang anoe naranggoeng geus baralik deui ka sawah, ogel teh kakara eureun, sarta Iboe toeloej diasoepekeun ka leuit, diteundeunna di têngah djeung dirijoeng koe tjapit-tjapit teja, toeloej disodoran doe-wëgan, roedjak tjaoe djeung roedjak kalapa. Geus kitoe kakara noe loba diasoepekeun di lëp di djero leuit.

Eta noe ngarakoet basana baralik deui ka sawah, pada soekan-soekan hareureuj sakarëp-karëpna. Sanggeus meunang tiloe atawa opat balikan, kakara disoegoeh dahar. Dëmi geus wantji lohor disoegoeh ngopi.

Barang geus anggeus, kakara maranehanana baralik, tapi hënteu diboeroehan, poetoes koe disoegoehan bae. Sakapeung sok aja oge anoe diboeroehan koe pare, saorang sageugeus atawa sapatjong.

Eta kitoe atoeranana noe ngakoet teh.

---

## XVIII. PĒPĒTASAN.

Saman nanja ka Si Rabiin, pokna:

„Rek kamana silaing Rabiin, leumpang gagantjangan teuing?”

„Rek ka pasar euj,” wangsoel Si Rabiin, „rek meuli pĕpĕtasan! Hajoe atoeH Saman silaing rek miloe?”

Wangsoel Saman: „Ah, mowal euj, da dewek mah



teu boga doewit, djeung tjoemah bae dipake meuli pĕpĕtasan mah, anggoer dipake meuli katjang goreng atawa tjaoe radja matak seubeuh. Djeung eta euj sok ditjarekan koe Eteh, oelah sok meuli pĕpĕtasan matak tjilaka.

Si Rabiin ngawangsoel bari toeloej, pokna:

„Kadjeun teuing mowal meuli mah, da dewek mah rĕsĕp.” Tidinja toeloej bae Si Rabiin meuli pĕpĕtasan sagĕpok anoe beureum sapotong, sarta dibawa balik.

Barang datang ka imahna, pek njokot seuneu, bari njaloekeun adina awewe ngaranna Langking, pokna: „Langking! Langking! kadijeu oerang njeungeut pĕpĕtasan!”

Si Langking loempat njampeurkeun bari nanja, pokna: „Mana pĕpĕtasanana teh?”

Wangsoel Si Rabiin: „Ijeu!” Tidinja pek pĕpĕtasan teh diseungeutan tjorotjos! tjorotjos! dor! dor! „Hoerseh! hoerseh!” tjek Si Rabiin. Ari adina mah ngan peupeu-reudeujan bae bari njojokan tjeuli.

Omong Si Rabiin: „Ah, naha sija mah borangan teuing, bĕt njojokan bae tjeuli!”

Wangsoel adina: „Da sok sijeun kabĕdil.” Omong Si Rabiin: „Hih mowal ĕnja, geura ijeu aing mah wanian, rek ditjĕkĕlan bae.” Tjek adina: „Oelah akang, bisi bitoe kana leungeun!” Tapi Si Rabiin hĕnteu ngagoegoe kana omong adina, toeloej bae diseungeut. Barang pĕpĕtasanana bitoe, Si Rabiin ngagowak, leungeunna toetoeng sarta seuneuna metel kana pipina. Koetina eta pĕpĕtasan gĕde, datangka geuneuk; manehna tjeurik gĕgĕroan.

Adina njampeurkeun bari moewas-moewas, omongna: „Poewas! poewas! bongan sok wawanianan, hajoewa bae hĕnteu botjos oge.”

Lila-lila Si Rabiin kapokeun, tara daekeun deui meuli pĕpĕtasan. Ana dibere doewit koe indoeng bapana, sok toeloelj bae diampihan atawa ditjengtjele-ngankeun.

## XIX. BOEDAK HAWĒK.

Dina hidji powe Si Aslam keur ngadoedoetan hajam, ditanja koe batoerna noe ngaran Si Karim, pokna: „Aslam, keur naon euj meuntjit hajam?”

Wangsoel Si Aslam: „Ih naha silaing teu njaho, kapan bapa dewek isoekan rek mitĕmbĕjan diboewat? Toeh geuning indoeng dewek geus njijeun koepat djeung tangtang-angin keur isoek di sawah njala-mĕtkeun. Djeung deui indoeng dewek geus meuli ĕndog djeung roedjakeun keur ngeusian saeng-sanggar.”

Omong Si Kasim: „Atoeh dewek miloe Aslam ka sawah, ari ĕnja mah bapa silaing isoek mitĕmbĕjanana, ĕngke ari bapa dewek mitĕmbĕjan, silaing dibawa.

Wangsoel Si Aslam: „Hade euj, isoek meureun silaing disampeur koe dewek.”

Tjĕuk Si Karim: „Oelah bohong atoeh Aslam, isoek koe dewek didagoan, djeung oelah mawa batoer sedjen, soepaja oerang isoek seubeuh ngahakanan koepat djeung tangtang-angin. Saoeng sanggarna oerang totog koe oerang bae, roedjakna oerang doewakeun djeung ĕndogna oerang sapotong sewang.”

Isoekna Si Karim disampeur koe Si Aslam dibawa ka sawah, barĕng djeung bapa Aslam bari marawa roewas keur wadah lĕmbing.

Barang datang ka sawah, Si Karim moho teuing njatoena koepat djeung tangtang-angin, datangka beuteungna boengkijang.

Hadena bae Si Karim ngageuwat balik; barang datang ka imahna, manehna goelanggasahan bae, tina sabab kamërëkaän sarta mindëng njëri beuteung, datangka awakna bëgang, igana ragas tjara gambang bae.

Indoengna nanja ka Si Karim, pokna: „Naha njatoe naon sija Karim, noematak njëri beuteung teh?” Toeloej Si Karim njaritakeun lalampahanana.

Tjek indoengna: „Naha atoe sija teh teu beunang teuing dipapatahan; geuning kamari ijeu ge sija kitoe, datangka njëri beuteung, ajeuna pek deui bae ëmboeng ngagehan batoer teh. Sing ingët deuleu, ari boedak hawëk teh toengtoengna mowal boga batoer. Lamoen sija sakali-kali deui kitoe, koe aing mowal dioebaran, koesabab aing teu njaäh ka noe hawëk.

„Koemaha baroedak kira-kirana Karim ngagoegoe?”

---

## XX. KALONG.

Asik datang ka lëmboer Abdoel arek meuli ramboetan.

Omong Asik: „Djang Abdoel, tjik koering meuli ramboetan.”

Wangsoel Abdoel: „Sabraha euj silaing rek meuli ramboetan teh?”

*1/4* Tjék Asik: „Tiloe doewit djang!”

Djawab Abdoel: „Heug euj, tapi koedoe naek sorangan, ëngke koe dewek dibere doewa wëlas

sadoewit, sabab dewek mah teu bisa naek, sok ngadegdeg soekoe.

Wangsoel Asik: „Mangga bae, koering noe naekana mah.

Tidinja bral arindit ka këbon; barang datang kana handapeun tangkal ramboetan, Asik kageteun nendjo ramboetan majak di handap, toeloej nanja ka Abdoel, pokna: „Djang, ijeu teh oeroet naon, ramboetan majak di handap, tapi bët ngan kari sikina djeung tjangkangna bae?”

Djawab Abdoel: „Oeroet kalong euj. Bapa dewek ajeuna keur ka pasar meuli obat djeung mimis, éngke eta kalong rek dibédilan. Bareto ge dibédilan, loba pisan anoe paraeh, datangka karohok djangdjangna tapak mimis. Tapi ajeuna loba deui bae kalong teh.”

Tjek Asik: „Tah, bënëer lamoen rek dibédilan mah, da bongan sok ngagalaksak.” Tidinja tjat manehna naek ngala ramboetan.

Tjarek Abdoel: „Sing loba bae ngala teh euj, éngke silaing koe dewek dibere tambah.”

Barang Asik geus toeroen, toeloej diberean sarta doewitna ditampa.

Omong Abdoel: „Naha silaing tatjan njaho paribasa *tinggar kalongeun*?”

Djawab Asik: „Ih, nja sok ngadenge bae, tapi ari hartina mah teu njaho.”

*ky* Tjéuk Abdoel: „Geuning sok loba baroedak, anoe mindéng diwarah koe kolotna, tapi teu ngagoegoe bae, eta diséboetna „*tinggar kalongeun*.” Geura kalong masih mindéng ge dibédilan, aja deui, aja deui bae noe datang.”

Omong Asik: „Eh, koetan kitoe, koering mah kakara njaho, tjing atoeħ tjaritakeun: dimana ajana ari kalong, di goenoeng atawa di pasisian, djeung koemaha kalakoeanana, da ari tibeurang mah tara aja ka oerang?”

Djawab Abdoel: „Ari ajana di pasisian dina tangkal kai ngaboeboeħan, wani rigil daoenna ge, ngagaran-toeng bae barina maroħan. Ari roepana henteu padjaoeh djeung lalaj, ngan ari kalong mah gėde. Djeung deui ari kalong mah lain bangsa manoeħ anoe ngėndog, nja eta bangsa sato njoesoeħ saperti andjing, ngan ijeu mah bisa hibėr djeung diantara soekoena aja koelit saperti lamak.

Dina oesoem boeboewahan kalong djadi satroe gėde ka manoesa, sabab sok malingan boeboewahanana ti keur ngorana kenėħ. Masih dikokoprakan atawa make lantera oge dina tangkal anoe keur boewahan, henteu sijeuneun bae.

Geura oepama oerang ngaliwat ti peuting kana handapeun tjaringin atawa randoe atawa naon bae, anoe keur boewahan, didengekeunana sora kalong mani patingkorejak, kawas andjing marėboetkeun toelang.

Tjoba manėħ njaho, sakoemaha pirasaeunana toekang tani, oepama kalong henteu aja dina waktoe oesoem boeboewahan?”

---

## XXI. TOEKANG KALENG.

Si Sapar dibawa ka pasar koe indoengna. Ari di pasar manggih noe dagang kompor.

Tjek Si Sapar: „Ēma, moen meuli kompor keur wadah papakean koering.”

Wangsoel indoengna: „Mahal meuli mah, anggoer oerang moeroehkeun njijeun bae, kapan boga kalengna oeroet wadah minjak.” Teu lila toeloej baralik.

Barang datang ka imahna, tjek indoengna: „Djang, djig ijeu kengkenkeun ka toekang kaleng, boeroehna mah ěngke bae ari geus anggeus.” Toeloej eta kaleng koe Si Sapar didjingdjing dibawa ka toekang kaleng.

Barang datang kadinja, mĕnĕran toekang kaleng keur digarawe, rame dokdak sora paloe. Si Sapar kaget loewak-lijek barina rek tjeurik, maroekanana aja noe kahoeroean.

Katendjo koe toekang kaleng, toeloej ditjaloean; Si Sapar njampeurkeun sarta omongna: „Lah, panjana koering teh aja noe kahoeroean, boro koering reuwas.”

Barang Si Sapar ngareret ka gigir, nendjo goenting, anoe gĕdena satampah, manehna ngadegdeg kawas noe moerijang, tina kakara manggih, maroekanana paranti ngagoenting beuheung djĕlĕma.

Toekang kaleng: „Koenaon djang ngadegdeg?”

Sapar: „Eta teh mang paranti naon, mana gĕde-gĕde teuing? koering mah sijeun,” barina noendjoek kana goenting gĕde teja.

Toekang kaleng: „Ih, oelah sijeun-sijeun djang, eta mah paranti ngagoentingan kaleng.”

Tidinja Si Sapar kakara ngarasa teu sijeun sarta toeloej ngilikan sagala parabot noe aja didinja, omongna: „Leuh, koetan pepĕk ari parabot toekang kaleng.”

Sapar: „Mang, ari eta naon ngaranna, anoe koneng deukeut timah teh, bĕt digolerkeun dina batoe?”

Toekang kaleng: „Eta anoe koneng ngaranna arpoes, nja eta anoe disěboet patri teh, paranti mageuhan atawa něpoeng-něpoengkeun.”

Sapar: „Ari něpoeng-něpoengkeunana make naon?”

Toekang kaleng: „Make ijeu noe siga peso, ngaranna sodiran, tapi koedoe dibeuleum heula dina ijeu anglo, sing datangka beureum. Ari geus kitoe ditjolek keun kana timah djeung kana arpoes, toeloej dioelaskeun kana noe rek ditěpoengkeun teja.”

Sapar: „Ari eta anoe siga pamatoek bango teh naon ngaranna djeung paranti naon?”

Toekang kaleng: „Eta ngaranna djangka, paranti njijeun boeud atawa pasagi djeung beunang oge dipake kana sagala oekoeran.”

Geus kitoe Si Sapar nendjo deui parabol-parabol. Koesabab manehna hajang njaho mětakeunana, toeloej nanja, pokna: „Tjing ěmang, koering bedjaän, naon ngaranna hidji-hidjina parabol, anoe sok dipake koe ěmang, djeung koemaha mětakeunana?”

Toekang kaleng: „Geura ijeu rěgěpkeun: tahanan, anglo, sodiran, goenting, paloe, djangka, tjapit, paloe kai, tatakhoeroeng, tatakhoekoe, ereg, ělisan djeung sadjaba ti eta; kabeh pada aja rangkěpanana, tah, djeung ijeu pirang-pirang roepa parabol, noe didjijeun tina kai.”

Sapar: „Ari eta tatakhoeroeng, tatakhoekoe, ereg djeung ělisan paranti naon?”

Toekang kaleng: „Ari tatakhoeroeng paranti ngalijangan anoe boeud, saperti dina lantera. Tatakhoekoe paranti ngarantjang boboko atawa wadah seupaheun. Ereg paranti njijeun solobong leutik, saperti

dina djoeroe lantera. Dėmi ělisan paranti ngalėmpėngkeun djeung ngaratakeun sisi-sisi.”

Sapari: „Leuh, atoe paingan lamoen kito mah, sok garantjang digawena, dapėpėk parabolna.”

Toekang kaleng: „Naha oedjang hajang djadi toekang kaleng?”

Sapar: „Hajang bae lamoen reja oentoengna mah.”

Toekang kaleng: „Atoeh poegoeh reja mah, kapan lamoen aja noe moeroehkeun, boeroehna satėngah harga, soemawonna lamoen ngomean barang Boekarėmen mah, dina sapowe nintjak meunang saringgit.”

Sapar: „Tah koering oge daek lamoen kito mah, tapi koering arek poepoelih heula ka indoeng, lamoen didjoeroengkeun, isoekan koering balik deui rek miloe digawe djeung ěmang. Bari ijeu tjek ěma pang-njijeunkeun kompor, ari boeroehna mah ěngke baė ari geus anggeus.”

Toekang kaleng: „Hade, tapi mowal anggeus ajeuna, da geus beurang teuing, isoekan bae kadijeu tejang deui.”

Si Sapar toeloej balik; barang datang njarita ka indoengna, jen manehna hajang djadi toekang kaleng. Tjek indoengna: „Soekoer ari boga pikir kito mah, tjig bae, keur pikeun bėkėl maneh hiroep.”

Isoekna Si Sapar balik deui ka toekang kaleng, sėdjana rek miloe digawe, bari mawa doewit keur boeroehan njijeun kompor teja. Barang datang kadinja kasampak komporna geus anggeus.

Tidinja toeloej bae Si Sapar miloe digawe didinja. Oenggal powe soehoed pisan digawena, datangka lila-lila bisa matjakal sorangan.



## XXII. SAPĒRTI NOMĒR VI.

a, a, a, ng, p, k, r	=	pakarang.
a, a, a, k, s, m, ng	=	
k, p, r, a, a, ng, a, n, a	=	
p, n, ng, n, a, a, a	=	
o, s, r, k, a, a	=	
i, a, r, a, k, j	=	
k, p, tj, a, a, r, ng, i, i	=	
o, a, i, ng, k, l, n, d	=	
b, k, w, a, a, oe, ng, ng	=	
k, s, l, i, i, oe	=	
oe, oe, a, l, k, m, b	=	
l, s, n, r, d, o, a, e	=	

## XXIII. DJADJAN.

Amboe Bonim gĕgĕroan njaloekan anakna, pokna: „Bonim! Bonim! meugeus oelin teh geura njatoe!” Tapi Si Bonim hĕnteu daekeun njampeurkeun, tonggoj bae oelin di boeroean djeung batoer-batoerna.

Lila-lila amboe Bonim keuheuleun, toeloej toeroen ka boeroean, leungeun Si Bonim ditjĕkĕl bari ditoengtoen dibawa ka imah.

Barang datang ka imah, gek Si Bonim dijoek deukeut indoengna, sarta toeloej koe indoengna disodoran kedjo djeung laeok dina piring. Kop Si Bonim njatoe, tapi hĕnteu tjara sasari, njatoena tjaman-tjemen sĕmoe hĕnteu hajang, ngahoewapna oge saremehsaremeheh.

Ditendjokeun koe amboe Bonim, sarta toeloej ditanja, pokna: „Naha sija njatoe teh tjaman-tjemen teuing sémoe noe teu hajang?”

Wangsoel Si Bonim: „Njëri beuteung.”

Tjeuk indoengna: „Njëri beuteung koemaha?”

Wangsoelna: „Eungap.”

Tjek indoengna: „Manggih baranghakan dimana, djeung naon anoe dihakan teh?”

Si Bonim sijeuneun nendjo indoengna ngambëk, toeloej ngakoe sakoemaha noe geus kalampahan koe manehna, pokna: „Koering teh tadi isoek-isoek basa keur oelin papanggih djeung paman, mere doewit ka koering lima sen. Eta doewit koe koering dibeulikeun kana peujeum sampeu, tjendol djeung roedjak kalapa.”

Tjek indoengna: „Naha atoe sija teh mana hënteu ngagoegoe, geuning tjek aing, ari boga doewit oelah sok meulian anoe matak goreng kana beuteung. Lamoen hënteu noeroet bae, paman maneh koe aing rek dibedjaän, oelah sina mere doewit ka maneh, soemawonna aing mah mowal pisan mere. Tah, tjoba maneh oepama noeroet mah kana omong kolot, mowal sok mindëng teuing njëri beuteung.”

Tidinja toeloej indoeng Si Bonim ngala daoen dadap, digelang djeung apoe, dioebarkeun kana beuteung Si Bonim. Mana horeng lain njëri beuteung, ngan kamë-rëkaän baé.

Tatapi tina sabab loba teuing baranghakanna, toeng-toengna oetah-oetahan. Sanadjan indoengna boga laeok oge djeung kahakanan ngeunah, manehna hënteu miloe njatoe, da ngan oetah-oetahan bae.

Ari isoekna Si Bonim gëringna beuki katjida baé, datangka henteu bisa hoedang-hoedang atjan.

Dina djëro sapoeloeh powe Si Bonim hënteu bisa

oelin djaoeh djeung batoerna, sarta njoesahkeun ka kolot-kolotna. Barang geus tjageur, manehna mindĕng ingĕt kana kasakitna, sarta hĕnteu daek-daekeun deui djadjan.

---

## XXIV. HAHAJAMAN.

Dina hidji sakola aja sawatara moerid awewe, ari noe panglobana moerid lalaki. Barang dina poekoel sapoeloeh, nja eta waktoe eureun, goeroe toeloej njaoer ka moerid-moeridna: „Pek, baroedak geura aroelin tjara sasari.”

Toeloej baroedak awewe karoempoel di tĕpas sakola sabeulah kaler, sĕdjana arek oelin kapoentjeng. Ari baroedak lalaki aroelinna diboeroean sabeulah kidoel.

Tidinja silih-adjak djeung batoerna, sabab pada baroga karĕp, aja noe ngadjak oetjing-oetjingan, aja noe ngadjak hahajaman djeung sadjaba tidinja.

Diantara eta baroedak aja hidji boedak anoe pangdjagdjagna ngaranna Mardi. Tjek Mardi: „Hajoe euj oerang oraj-orajan!” Toeloej baroedak teh ngantaj, tatapi hĕnteu toeloej oraj-orajanana, sabab reja noe ngomong: da bongan sok pĕgat.

Tjek Mardi: „Ih, ajeuna mah oerang hahajaman bae.”

Tjek Sanoesi: „Hajoe, da hahajaman mah rĕsĕp, koering hajamna.”

Tjek Mardi: „Hajoe, kadjeun teuing dewek mah tjareuhna oge.”

Tidinja toeloej baroedak teh patjĕkĕl-tjĕkĕl leungeun sarta ngalingkoeng njijeun kalang; aromongna: „Pek hajamna geura asoep.”

Geus kitoe Sanoesi asoep ka djëro kalang, barina roerat-reret, tëmpa-tëmpe, njëngir bari njabak hoeloe, rek loempat sëmoe noe sijeun koe tjareuh.

Ari tjareuhna diloewar kalang, barina tëmpe-tëmpe ka djëro kalang, nëmpean hajam teja. Barang geus katendjoeun, toeloej neunggar ka noe djadi pagër, tapi teu bisa asoep, da dihalangan. Lila-lila bisa oge asoep ka djëro kalang, tapi hajamna bidjil, toeloej dioedag sarta gër disoerakan koe batoer-batoerna.

Geus kitoe hajamna balik deui asoep kana djëro kalang, tjareuhna ngoedag rek asoep kadjëro, tapi hese, da dihalangan. Toeloej papintëran, tjareuh di loewar, hajam di djëro, rame pisan soesoerakan bari diseungseurikeun koe batoer-batoerna.

Teu lila pagërna aja noe beunang ditobros. Barang hajamna rek loempat, kaboeroe koe tjareuh, toeloej ditewak sarta gër sarereja pada saroerak. Noe aroelin djeung anoe nendjo, malah goeroena, pada miloe seu-seurian.

---

## XXV. DJAPATI.

Aja hidji boedak, oemoerna toedjoeh taoen, ngaranna Onon. Eta boedak bageur, tapi limpeuran. Lamoen ka sakola, radjeun oge tinggaleun boekoena atawa gëripna djeung ana balik mëntas oelin, nja kitoe bae sok aja noe tinggaleun, tjotjoëanana atawa badjoena.

Dina hidji mangsa Onon ditjaloekan koe bapana sarta omongna: „Onon, bapa mëntas ti pasar, meuli ijeu djapati sakoerën, top ijeu adjang maneh, tapi

koedoe dipijara masing hade, oenggal powe koedoe diparaban sarta diinoeman.”

Onon atoheun pisan, sabab manehna geus lila hajageunana boga djapati, datangka sok kaimpi-impikeun.

Eta djapati koe Onon dioesapan, tapi giras keneh, gantjang dilaän ringkoesna, sarta diasoepeun kana koeroeng. Toeloej manehna menta bejas ka indoengna djeung tjatjangkir wadah tjai.

Dina sapowe harita Onon leuwih tina sapoeleoh kali ngalorisna djapati, djeung hade mijarana. Tapi barang geus meunang saminggoe lilana, Onon geus rada poho kana papatah bapana.

Dina hidji mangsa manehna roesoeh ka sakolana, tjoe! bae djapatina henteu diparaban heula.

Barang datang ti sakola, bapana ngomong, pokna: „Onon, koemaha djapati teh geus diparaban?” Onon eraeun pisan, sabab ingët djapatina samemeh ka sakola henteu diparaban heula.

Tidinja Onon rek moeroe djapatina, tapi tjek bapana: „ajeuna mah ëntong, sabab ënggeus diparaban koe bapa, da karoenja, tapi ti sërëk ajeuna ka hareup koedoe djadi ingët, djeung lamoen henteu gëten kana tjtjoöan, djaga mowal boga naon-naon.”

Koesabab Onon katjida eraeunana djeung karoenjaeun kana djapatina, beuki gëten baé. Saban powe tara poho maraban djapatina.

Teu lila djapatina ëndogan, sarta toeloej mëgar. Anakna doewa araloes pisan. Nja kitoe bae satoeloejna, datangka lila-lila djapatina djadi loba pisan.

Didjéro doewa taoen geus leuwih tina doewa poeoleh. Tina geus loba teuing, sawareh dibikeunan ka batoerna oelin, sawareh didjoewalan, satalen sahidjina, ari ladangna ditjengtjelengankeun.

Bapana atoheun katjida nendjo Onon kitoe lampahna, sarta omongna :

„Tah, Onon koesabab maneh ajeuna geus hënteu limpeuran, matak djadi soeka sarta ngadatangkeun hasil.”

## XXVI. SOESOEMPIT.

Dina hidji lëmboer aja hidji boedak lalaki ngaranna Isnen. Eta boedak karësëpna soesoempit, ari ti peuting manehna samemeh hees, njijeun pasër heula, noe didjijeun haroepat kawoeng.

Keur waktoe Isnen diadjar keneh soesoempitna, ana njoempit sok gagal, sarta manehna sok ambëk-ambëkan kana soempitna, bari ditinggang-tinggangkeun. Omongna: „Naha ijeu soempit teh bët hënteu banganan, oenggal dipake koe aing tara meunang?” Tapi Isnen hënteu bosëneun kana soempit teh sarta beuki lila beuki bisa.

Lila-lila manoe-manoe tjarang noe datang ka pilëmboeran didinja, tina sabab oenggal powe djoempitan teuing.

Barang manoe-manoe geus tjarang noe datang, pëpelakan sakoer noe aja di këbon bejak koe hileud.

Katjaritakeun dina hidji powe Isnen leumpang soesoempit ka sawah. Dëmi dina mangsa harita keur oesoem diboewat, Isnen mawa pirang-pirang pasër, sabab pikiranana: „ajeuna eukeur diboewat, geus tangtloe loba manoe, timana-mana daratang.”

Barang Isnen geus nëpi ka sawah, ngan aja hidji doewa bae, kitoe ge manoe bangsa titil, gariras

pisan, djadi Isnen soesoempitna teu beubeunangan. Tidinja toeloej bae manehna mapaj toeroet-toeroet sawah piboewateun.

Katjaritakeun noe boga sawah bidjil ti saoengna, sĕdjana rek nejang anoe diboewat, manggih tapak djĕlĕma dina pare piboewateun. Toeloej bae koe manehna disoesoel, dĕmi djalanna noetoerkeun tapak teja bae. Teu koengsi lila Isnen kasoesoel, toeloej ditjarekan, bari dibawa balik ka bapana sarta dibe-djakeun.

Tjek bapana: „Naha sija mana matak njoesahkeun teuing ka aing. Geura tendjo di kĕbon, tatangkalan lĕboer daonna diharakanan hileud, sabab taja manoe koe sok ngahakanan, da sok disoempitan teuing koe sija. Djeung aing wirang, sabab aja noe ngĕlakkeun, jen sija sok ngaroeksak pare ari soesoempit.”

„Tjoba ajeuna rasa aing, maneh leuwih hade njoempitan laek di balong atawa njoempitan mama-noekan djeung batoer maneh, tjara noe papanahan.”

Si Isnen noeroetkeun omong bapana, sarta lila-lila manoe-manoe teh daratang deui ka kĕbon bapana, djeung tatangkalanana toeloej baroewahan deui laleubut pisan.

---

## XXVII. BADAĀK.

Si Kasim njampeur ka Si Ardjan bari ngomong: „Ardjan, hajoe oerang oelin di tĕgal!”

Tjek Si Ardjan: „Ah ĕmboeng ajeuna mah, tjape keneh, da dewek kamari koe bapa djeung djoeragan Wadana dibawa moro badak di Talagabodas.”

Tjek Kasim: Ari kitoe mah, batan oelin anggoer tjatjarita.”

Mimitina Si Ardjan njaritakeun lalampahan kamari teja, geus kitoe noeloejkeun, kijeu pokna:

„Badak teja sato noe panggède-gèdena di oerang. Pandjangna tina bangoes nëpi kana boentoet 8 nëpi ka 10 kaki, djeung boentoetna 2 kaki. Hoeloena gède sarta pandjang; soengoetna leutik djeung lijang iroengna gède. Ari tjeulina leutik, hēnteu nimbangan kana awakna. Matana oge leutik, deukeut pisan kana tarangna.

Ari badak hēnteu boga tandoek saperti moending tapi tjoelaän. Eta tjoela ajana loehoereun iroengna, pandjangna nëpi ka 2 kaki sarta tjëntik ka toekang. Tandoek moending pageuh, djadi hidji djeung toelang hoeloe; ari tjoela badak mah hēnteu kitoe, pageuhna ngan koe koelit hoeloe bae. Sawareh badak aja oge noe boga doewa tjoela; ngadjadjar ka loehoer. Noe ti handap kalampahna sok leuwih pandjang tibatan noe ti loehoer. Ari badak di tanah Djawa tjoelana ngan hidji bae; anoe boga doewa tjoela ajana di poelo Përtja, di bënoewa Asia djeung Aprika. Sawareh djalma ngira, tjoela badak aja gawena pikeun ngoebaran sagala kasakit. Kitoe deui lamoen aja tjai noe tjampoer djeung baroewang, diantjlooman tjoela badak, baroewangna sok moedal misah djeung tjai, tapi saénjana hēnteu kitoe. Biwirna noe ti loehoer tjèpak sarta leuwih pandjang tibatan noe ti handap. Gawena saperti toelale deui, paranti ngarawel naon-naon noe rek dihakan. Tonggongna lègok saperti sela djeung aja koelit gègèblegan ngagantoeng saperti sabrak. Soekoena pondok sarta gède djeung boentoetna djeber saperti pangarih. Beuteungna kandél sarta boerajoet.



Koelitna kandël katjida sarta kasar karadak saperti tjampëdak, djeung dina sëla-sëlana koelit noe bareulah sok bilatoengan. Boeloena baradag sarta hareuras tapi tjarang. Ari tjitjingna dina tanah noe betjek sarta reja leutakan, da manehna rësëpeun pisan goejang. Kitoe deui hiroepna tara ngaboeboehan saperti gadjah, pangreja-rejana ngan oekoer tiloe. Ari tjitjingna di padataran goenoeng, dina leuweung noe soenji, noe teu kasaba koe djalma. Di dinja sok kapanggih tapakna gëde sarta djëro, da awakna beurat pisan.

Ari kahakanan badak nja eta dangdaoenan, dahan-dahan djeung tatangkalan noe laleutik.

Si Kasim: „Koemaha ari soekoena, tjara soekoe moending aja tjekeran?”

Si Ardjan: „Hënteu, ari badak mah tjara koeda aja talapokan, tapi dina hidji soekoe aja tiloe talapok ngarijoeng djadi hidji.”

Si Kasim: „Naha ënja ari badak sok ditoempakan poetri?”

Si Ardjan: „Ari bedja ti noe sedjen mah ënja kitoe, ari tjek bapa mah hënteu, karana bapa oge mindëng nendjo badak, tapi tatjan manggih poetri hidji-hidji atjan.”

---

## XXVIII. BOEDAK BAGEUR.

Si Djoemin boedak miskin, tapi bageur. Ari gawena roepa-roepa: aja ngangon domba, ngarit, matjoel di sawah bapana djeung reja-reja deui. Kabeh pagawean, sakoer noe ditoedohkeun koe bapana, tara dipoeng-pang ditoeroet bae.

Dina hidji mangsa Si Djoemin ngangon domba djeung batoer-batoerna. Ari di antara eta boedak aja hidji anak tatanggana, ngaranna Si Kampeng, kataradjang gëring moerijang. Koe sabab panas-tiris, manehna ngëdëng handapeun tangkal waroe sarta gëgëroan ka batoerna, menta pangnjioekkeun tjai, hajangeun nginoem. Ari batoerna, djeung daraek mah, anggoer beuki djaraeoh ngagiringkeun dombana.

Katjarioskeun Si Djoemin mah hënteu kitoe; manehna katjida pisan karoenjaeunana sarta toeloj njioek tjai ti soesoekan, make daoen waroe sarta diinoemkeun. Geus kitoe Si Djoemin ngala papagan waroe, dibeungkeutkeun kana tarangka Si Kampeng.

Barang srengenge geus soeroep sarta meudjuehna balik, Si Djoemin soesaheun katjida, sabab Si Kampeng ngëdëng keneh bae, taja taksiran bisa balik. Toeloj bae digandong koe Si Djoemin, bari ngagiringkeun dombana.

Ari datang ka imah Si Kampeng, indoeng bapana tarimaeun pisan, sarta Si Djoemin dibere anak domba hidji.

Dëmi isoekna deui Si Djoemin ka leuweung, sëdjana rek ngala soeloh baris djoewaleun ka dajauh. Barang nëpi, manehna manggih doewa paninggaran djeung pandakawanana, keur areureun handapeun kai anoe ijoe. Teu lila eta djalma teh maradjoe deui bëbëdil.

Koe tina panas djeung tjape, Si Djoemin eureun dina handapeun kai oeroet paninggaran teja. Barang ngalijeuk ka gigireunana, beh manehna manggih loket dieusi doewit ringgit djeung roepijah. Tina bërësih atina geuwat manehna njoesol paninggaran teja, sëdjana rek njanggakeun eta loket reudjeung eusina.

Teu lila kasoesoel sarta eta loket ditampa koe noe boga. Ana diboeka doewitna weuteuh keneh, teu koerang sapeser-peser atjan.

Noe boga doewit teh atoheun pisan, rehna rek meunang tjilaka teu toeloes, sarta toeloelj Si Djoemin dipërësen saroepijah.

## XXIX. NOE MALING KATJÈKÈL.

Dina hidji lëmboer aja hidji djalma beunghar sarta teuing koe berehan. Manehna hënteu boga anak hidji-hidji atjan, koe sabab eta rësëpeun pisan njoekakeun ka sakabeh baroedak noe aja di lëmboer eta, karana pikirna: pikeun naon boga banda taja noe ngahakan?

Dina saminggoe sakali sakabeh baroedak ditjaloean, dibawa oelin djeung disoegoehan kahakanan anoe ngareunah.

Dina hidji mangsa, keur waktue baroedak disoegoeh make boewah-boewah pësekeun, toeloelj baroedak teh kabeh dibere ngindjeum peso, sarta maranehanana pada soeka ati, soekan-soekan njaratue boewah.

Katjaritakeun di antara eta baroedak aja hidji noe sok daek tjëtjërëmëd, ngaranna Si Tihoel.

Pangirana eta peso oeroet mësek boewah teja, moal diitoeng deui; toeloelj koe manehna diasoepeun kana pesak.

Barang geus toetoe aroelina, sarta rek djoeng arindit, peso teh dibilang, bët hënteu aja hidji. Tjarek noe kaja: Baroedak! mana peso teh hidji deui? Kadijeukeun geura poelangkeun! Tatapi sakabeh baroedak wëleh taja anoe ngakoe, pokna: „Geus moelangkeun.”

Tidinja noe kaja nejangnan akal, soepaja eta peso kapanggih deui. Kabënëran waktœ harita geus boerit; toelœj andjeunna miwarang boedjangna njeungeut lampœ dina kamar. Eta lampœ toelœj dikoeroengan kœ katel, datangka eta kamar kabeh powek. Geus kitœ noe kaja sasaoeran ka baroedak, lahirna: „Baroedak! kadarijeu arasoep kabeh, eta anœ maling peso ëngke ditoedoehkeun kœ ijeu katel.” Eta baroedak tingrareu-ngeuh hënteu ngahartieun, ari pangirana eta katel bisa ngomong, moepoelihkeun anœ maling.

Lahir noe kaja: „Pek baroedak, pada njagap birit katel.” Toelœj baroedak teh pada njagap. Tatapi Si Tihoel njagapna hënteu dikeunakeun, ngan oekoer dioengkoelkeun bae, karana pikirna, lamoen dikeunakeun, geus tangtœ eta katel ngomong ngabedjakeun, jen manehna maling peso.

Barang geus rada lila, eta noe kaja miwarang boedjangna moeka katel toetœp lampœ teja. Barang braj diboeka, toelœj leungeun baroedak teh kabeh diilikan, sarta kabeh harideung; ngan leungeun Si Tihoel bae bërësih, taja pisan oeroetna. Lahir noe kaja: Tah! tetela maneh anœ maling peso teh! Si Tihoel tjitjing bae, teu lemek teu njarek; barang dirahrah, tetela eta peso aja dina pesakna. Geus kitœ datang baroedak noe loba, aja noe njiwit, aja noe ngadjembel djeung djaba ti eta. Si Tihoel tjeurik gëgëroan, toelœj balik ka imahna. Ti waktœ harita manehna tara tjampoer djeung batoerna, sabab teu daraekeun dibatoeran.

## XXX. ANOE BANGOR SOK MEUNANG TJILAKA.

Si Salim boedak bangor, rësëp katjida ngaheureujan. Dina hidji mangsa Si Salim njampeurkeun batoerna noe keur langlajangan, sarta ngomong, pokna:

„Dewek ngadjaran Hanan!”

Tjek Si Hanan: „Ah ěmboeng.”

Tjek Si Salim: „Abong euj, sakeudeung bae.”

Omong Si Hanan: „Ěmboeng, sijeun dileupaskeun.”

Tjek Si Salim: „Mowal! mowal!”

Toeloej koe Si Hanan dibikeun. Barang eta boedak keur bongoh, eta langlajangan dileupaskeun. Si Hanan tjeurik, bari ngarontok ka Si Salim datangka manehna roeboeh sarta papakejanana sosoweh.

Isoekna Si Salim nendjo kareta ngaliwat, teu aja loporan, toeloej koe Si Salim dioedag. Koesirna gĕgĕroan, pokna: Oelah toempak, oelah toempak, beurateun!

Tapi eta boedak teu ngagoegoe, keukeuh bae toempak dina pangloporanana.

Koesirna ngambĕk bari malikkeun pĕtjoetna ka toekang; pĕtjoet meulit kana beuheung Si Salim datangka manehna tjeurik gĕgĕroan sarta ngaragragkeun maneh. Sababraha powe Si Salim teu bisaeun kaloewar koe sabab raheut beungeutna, tapi wĕleh teu daekeun kapok.

Teu lila manehna koe bapana dibawa ka hoema. Ari geus datang, bapana ngomong, pokna:

Salim, silaing tjitjing di saoeng oelah djaoeh, bapa rek digawe.

Tjarek Si Salim: „Seg bapa.”

Tapi sanggeus bapana rada djaoeh, Si Salim nejanan

djamboe dina roejoek. Barang geus meunang sababraha, toeloej manehna nendjo sajang engang, ngagantoeng dina kai. Si Salim atoheun pisan, sarta ngomong: „Lah, eta sajang engang koe aing rek ditimboel, sarta lamoen engang ngoedag ka aing, aing rek loempat njamoeni ka saoeng.”

Toeloej eta sajang ditimboel koe batoe bënëran pisan. Engang halibër kaloewar, toeloej ngaroedag njareureudan kana beungeutna djeung kana awakna. Si Salim gëgëroan, menta toeloeng ka bapana sarta goegoelingan. Teu lila bapana datang, geuwat Si Salim dirontok sarta dibawa loempat ka saoeng. Geus kitoe bapana njaboet ikëtna, dipake ngëpoek eta engang nëpi ka bejak paraeh. Tapi beungeutna djeung awakna Si Salim barareuh sarta manehna teu bisaean leumpang, balikna oge digandong koe bapana. Ari datang ka imahna ditambaän, tapi tjageurna rada lila, datangka sababraha minggoe manehna teu daekeun oelin deui.

---

### XXXI. LOERAH.

Dina hidji distrik aja hidji desa, beres pisan pama-rentahanana, datangka loerahna meunang gandjaran ti Gouvernement bintang paroenggoe. Eta loerah pintër sarta soehoed ngalampahkeun pagawean. Naha maraneh njaho, naon pagawean loerah djeung sabraha djalma noe noeloeng?

Ari noe djadi parentah-desa nja ijeu: loerah, djoeroetoelis, poelisi, mandor, toewa-kampoeng, oeloe-oeloe djeung löbe.

Ari pagawean loerah kijeu :

Noe kahidji: ngoeroeskeun pėrkara poelisian, sapėrti noe maling, noe paseja djeung katjerewedan djaba ti eta. Ari anoe miloe kana eta pėrkara, poelisi.

Noe kadoewa: marentah ngėbon kopi ka somah-somah. Noe noeloeng kana pagawean eta njaeta mandor.

Noe katiloe: marentah ngome djalan, sarta anoe noeloeng kana pagawean eta toewa-kampoeng.

Noe kaopat: dina saminggoe sakali loerah koedoe koempoelan ka katjamatan atawa ka pakėmitan, ngalaporkeun aja sabraha djalma djeung sato anoe paeh djeung noe didjoeroekeun dina sadjėro minggoe eta. Dėmi noe ngoeroes pėrkara eta, djoeroetoelis.

Noe kalima: nagihan oewang padjėg ti somah-somah. Lamoen geus reja, toeloj eta oewang dilaporkeun koe maneh atawa koe djoeroetoelis ka kollekteur. Tina oewang padjėg loerah meunang kaontoengan 8 pėrsen, tėgėсна 8 roepijah tina 100 roepijah.

Lamoen aja toewan Assistent resident atawa toewan Controleur ngaronda kėbon kopi, loerah koedoe mapag di watės distrik toempak koeda, toeloj ngiring andjeunna ngaronda ka goenoeng.

Ari oeloe-oeloe gawena ngomean tjai noe ngotjor kana sawah-sawah, atawa mėnėrkeun tjai ka oenggal soengapan, bisi aja djalma gėde teuing mawana tjai.

Ari lėbe pagaweanana marentah pėrkara agama, sapėrti noe kawin, noe nalak, noe paeh djeung reja-reja deui. Tapi noeloeng oge kana pėrkara sedjen sapėrti ngoerisan, djeung lamoen loerah keur riboet, sok noeloeng oge nagihan oewang padjėg atawa marentah.

Dėmi loerah diangkatna koe toewan Resident

sanggeus nampa panglaporna Wadana djeung toewan Controleur. Ari noe didjadjikeun loerah, njaeta djalma beunang milih somahan.

---

### XXXII. SOEWALAN.

1. Aja hidji këtjap anoe beunang dibagi doewa: këtjap noe kahidji noedoeheun bagian dina oenggal-oenggal imah, tapi ajana diloehoer-loehoer; ari këtjap noe kadoewa bagian awak noe pangloehoerna. Oepama dikantetkeun djadi ngaran tangkal. Naon eta?

2. Aja deui hidji këtjap noe beunang dibagi doewa: këtjap noe kahidji ajana dina bagian oenggal-oenggal gëdong; këtjap noe kadoewa nja eta parabot dahar; doewanana lain djijeunan di poelo Djawa. Oepama dikantetkeun djadi ngaran këmbang. Naon eta?

3. Djeung aja deui hidji këtjap noe beunang dibagi doewa: eta doewanana noedoeheun bagian imah. Oepama dikantetkeun djadi ngaran tangkal. Naon eta?

---

### XXXIII. TANEUH PORANG.

Aja doewa boedak lalaki sosobatan, noe hidji ngaranna Samdji, noe hidji deui ngaranna Tarwan. Dina hidji powe eta doewa boedak leumpang babarëngan ka tégal, narejangan taneuh porang sisi gawir, toeroet-toeroet soesoekan. Barang maranehanana geus meunang taneuh, toeloej baralik. Tidinja Samdji silih-tanja djeung Tarwan, kijeu pokna:



Samdji: „Silaing rek njijeun naon?”

Tarwan: „Dewek mah rek njijeun moemoendingan.”

Samdji: „Keun atoe, dewek rek njijeun wawajangan.”

Tarwan: „Hajoe oerang paheula-heula anggeus.”

Samdji: „Ah, tjoemah ari roesoeh mah, sok goreng.”

Tarwan: „Nja eta oerang diadjar gantjang digawe.”

Samdji: „Hajoe atoe, engke oerang silih-ilikan.”

Baroedak teh tingkoesoewël tingdarêkoel pada paheula-heula anggeus. Hënteu sabaraha lilana geus aranggeus, toeloej silih-bênërkeun kakoeranganana.

Tarwan: „Naha ijeu teh tjeulina loehoer sabeulah djeung lijang-iroengna gëde sahidji?”

Samdji: „Tjing kadijeu, oerang bênërkeun.”

Tarwan: „Tjoba kari noe dewek ilikan.”

Samdji: „Wah, mowal ënja aja soekoe moending barëbëng kijeu, djeung tandoekna hënteu sarowa këroengna.”

Tarwan: „Hih, gampang eta mah oerang omean baé.”

Samdji: „Heh atoe! da oerang teh geus silih-bênërkeun.”

Tidinja datang batoerna ngaranna Sean, njampeurkeun ka noe doewaän teh, bari mawa moemoendingan, anoe geus meunang noehoerkeun. Toeloej ngadjak ka Si Tarwan ngadoe moemoendingan.

Geus kitoe gër diadoekeun diteunggar-teunggarkeun. Ari noe eleh nja eta noe Si Tarwan, sabab baseuh keneh, toeloej disoerakan: „Keok! keok!”

Tjek Si Tarwan: „Tjoba Sean dewek ngilikan anoe silaing. Hih, meureun bae, da ijeu mah geuning geus toehoer.”

Keur waktoe goenëmtjatoer kitoe, datang deui hidji boedak, anoe mëntas sakola, ngaranna Émod. Tjek

Ĕmod: „Tjoba dewek mah rek njijeun matjĕm baroe, kadijeukeun taneuhna djeung eta papan anoe ngagoler.

Tidinja pek Ĕmod njijeun angka koe taneuh, tina hidji nĕpi ka doewawĕlas; toeloej diteundeun dina papan sarta diriyoengkeun sapĕrti angka dina djamdjaman. Geus kitoe njijeun djaroemna doewa pikeun noedoehkeun waktoe.

Omong Ĕmod: „Geura euj tarendjo, oerang ajeuna boga djamdjaman.” Batoerna pada rarĕsĕpeun nendjo beubeunanganana Ĕmod, sarta nanjakeun ngaranna hidji-hidjina angka. Toeloej pada njaroba njijeun angka, ari Ĕmod njijeun moemoendingan.

Teu lila djol loerah rek ngaronda lĕmboer; barang ningali baroedak noe keur goegoendoekan, toeloej disampeurkeun. Tidinja andjeunna sasaoeran:

„Beunang saha eta angka noe dina papan?”

Wangsoel Ĕmod: „Beunang djisim koering.”

„Loerah: „Saha maneh ngaran?”

Wangsoelna: „Poen Ĕmod noen.”

Loerah: „Ĕmod, eta pagawean maneh hade katjida, mĕtakeun pangadjaran di sakola, lamoen maneh kitoe lampah, geus tangtoe tereh pintĕr.”

---

#### XXXIV. NGORA KENEH TAPI PINTĔR.

Dina hidji sore aja hidji toekang ngangon domba, ngagiringkeun dombana, rek dibawa balik. Aja hidji anak domba katinggaleun di tĕgal, tina sabab kaheĕsan dina handapeun salijara.

Barang tĕngkat toeloej njoesoel ka batoerna, tapi

matak karoenja pisan, ditengah djalan eta anak domba papapag djeung adjag. Pikirna anak domba teh, nja ajeuna bakal manggih balai, sabab taja pëtana bisa ngëdjat.

Anak domba tjoengas-tjingeus, nejangn akal. Kaparëng barang anak domba ngareret ka sisi djalan, aja soeling toekang ngangon domba katinggaleun, toeloej bae koe anak domba teh dipake akal, soepaja kaloewar tina balai.

Adjag beuki ngadeukeutan bae, sarta soengoetna tjalawak. Atoeh anak domba teh geus teu kira-kira ngadegdeгна.

Tjek anak domba: „Adjag, sampean tangtoe rek ngahakan ka kaola, nja!” Wangsoel adjag: „Geus, montong diomongkeun deui.”

Omong anak domba: „Bo adjag, kaola tangtoe paeh, tapi samemeh paeh teh kaola aja pamenta heula.”

„Naon!” tjek adjag bari ngambëk.

Tjek anak domba: „Eh, kaola teh rësëp pisan ngadengekeun sora tandji, soemawonna sora soeling. Lamoen kaola geus ngadenge sora soeling mah, mangga bae rek dikijeu-kijeu oge.”

„Ngan sakitoe bae pamenta maneh teh, euweuh deui?” tjek adjag teh. „Heg koe kami rek dipang-njoelingkeun heula.”

Tidinja adjag toeloej njokot soeling, pek ditijoej, sorana kadenge ka mana-mana.

Barang andjing-andjing toekang ngangon ngadenge sora soeling, toeloej maroeroe noetoerkeun datangna sora, maroekanana doenoenganana njaloekan ka maranehna.

Adjag ngeunah-ngeunah bae njoeling; teu kanjahoan

deui andjing tiloe barëng ngarontok adjag, sarta toeloej pada ngarëweg datangka paehna. Ari anak domba teja mah salamët, toeloej balik.

### XXXV. SAPATOE GĚLAS.

Dina hidji lëmboer aja doewa toekang tani, noe hidji ngaranna Dipa, noe hidji deui Pa Kasrëm. Dina hidji powe maranehanana reureudjeungan ka sawah. Barang keur di djalan, Dipa nendjo anoe herang-herang, top ditjokot; ari diilikan bët sapatoe gëlas. Manehna heraneun pisan sarta ngomong ka Pa Kasrëm, pokna: „Ijeu kaoela mah bët manggih barang kijeu!”

Tidinja eta sapatoe diarilikan koe doewaän, hare-raneun pisan, tina sabab saoemoerna teu atjan nendjo barang anoe kitoe.

Toeloej maradjoe deui. Barang geus meunang doewa langkah, Pa Kasrëm nendjo deui noe herang di sisi djalan; ana ditjokot bët sapatoe gëlas noe sabeulah deui. Gantjang Pa Kasrëm njampeurkeun ka Dipa, sarta ngomong, pokna: „Dipa, koela ge bët nimoe ijeu geura!” barina ditembongkeun. Ana diilikan bët papasanganana noe tadi teja.

Tjek Dipa: „Dikoemahakeun ijeu teh koe oerang? da di kaoela mah ijeu teh taja pigaweünana, dipake koe sorangan mowal asoep, dibikeun ka pamadjikan pon njakitoe deui, dipake koe anak da hënteu loem-brah, anggoer dipitjeun deui.”

Keur waktoe goenëmtjatoer kitoe, aja hidji nini-nini ngaliwat, ngadenge omongan ki Dipa kitoe, toeloej ngomong pokna: „Ih oedjang, eta sapatoe oelah

dipitjeun, karana lain sasapatoe-sapatoena, eta teh sapatoe djimat. Ari noe kagoengan Agan Poetri, noe matak katinggaleun keur waktoe angkat palëbah dijeu roesoeh katjida. Anggoer bawa ka imah, ampihan sing hade; geura ëngke ge aja noe njoesoel, piwarangan Agan Poetri. Nadjan rek didjoewal sabaraha oge, moboeroeng digaleuh. Samalah ajeuna ge Agan Poetri geus oeningaëun, jen eta sapatoe aja di oedjang.”

Dipa djeung Pa Kasrëm saroekaeun pisan, rehna aja noe ngingëtan kitoe, samalah aja pikirna rek moelang tarima. Tatapi barang direret, eta nini-nini geus teu aja sarta hënteu poegoeh losna.

Geus kitoe Dipa djeung Pa Kasrëm toeloej baralik. Barang datang ka pamadjikanana, toeloej tjatjarita saperti noe geus disëboet tadi.

Katjaritakeun eta Ki Dipa djalma koret, ari karësëpna daek ngala ëmboeng ngaloewarkeun, atawa daek menta ëmboeng mere, dëmi Pa Kasrëm mah hënteu kitoe.

Keur waktoe Ki Dipa njarita ka pamadjikanana, aja noe ngëtrokana panto menta asoep. Barang diboeka pantona bët djalma kate, njorendang kantong, sëmoe-sëmoe noe rek dagang. Eta djalma kate saënjana lain djëlëma, nja eta djin, piwarangan Agan Poetri teja. Toeloej ngomong ka Ki Dipa, pokna: „Andjeun teu kagoengan djoedjoewaleun?”

Dipa: „Hënteu, sakabeh oge barang kaoela mah përloe bae.”

Kate: „Apan sampean kagoengan sapatoe gëlas, naha mowal didjoewal?”

Dipa: „Ëh, ënja! tapi da mowal didjoewal ari moerah-moerah mah.”

Kate: „Kadijeukeun, koe koela dibeuli saratoes ringgit.”

Dipa: „Ih, mowal! nadjan sareboe ringgit oge.”

Kate: „Sareboe ringgit kadijeu, heh ijeu doewitna kontan.”

Dipa: „Ari keukeuh mah seug bae, tapi hajang sapamenta kaola.”

Kate: „Seg! Naon atoeh kahajang sampean teh?”

Dipa: „Pedah kaola boga sawah saeutik, moending sarakit djeung woeloekeu sahidji. Ajeuna, lamoen sampean daek meuli koe sadjalan woeloekeu saringgit mah, teu djadi naon.”

Kate: „Seug! kadijeu bae sapatoena geura bikeun.”

Ki Dipa teu përtjajaeun, sok sijeun dibobodo. Omongna: „Ih, éngke rek ditjoba heula, lamoen geus kadjadian, kakara dibikeun.”

Kate: „Hade, tjig bae geura tjoba.”

Toeloej Ki Dipa ka sawah sarta woeloekeuna dipasang. Barang prak meunang sadjalan, beh saringgit, kadoewana beh deui saringgit, katiloena nja kitoe deui.

Tidinja kakara Dipa përtjaja, sarta eta sapatoe toeloej dibikeun. Barang eta djalma kate geus nampa sapatoe, lës bae leungit teu kanjahoan djigna.

Ti harita Ki Dipa saban powe taja deui gawena kadjaba ti ngawoeloekeu bae, malah waktoe dahar mah kaliwat-liwat, tina bawaning rësëp moeloengan ringgit. Ngawoeloekeuna ti barang mëlëtek srengenge nëpi ka boerit. Djeung deui ari tjaäng boelan mah, ti peuting oge sok ngawoeloekeu. Ari dibatoeran koe boedjangna, soemawonna nitah, hënteu daekeun, da sijeun ditjokotan ringgitna.

Moending-moendingna geus barëgang pisan, tina

sabab seubeuh koe gawe koerang parab. Ari pětina geus pinoeh koe ringgit, tatapi Ki Dipa ngahantëm bae ngawoeloekoe, toengtoengna manehna brék gëring. Sakitoe keur gëring pajah manehna, ari kana ringgit mah ingët bae, sijeuneun ditjokotan koe batoer.

Lila-lila Ki Dipa gëringna beuki pajah, sarta teu mangkoek satëngah boelan manehna geus aja di astana.

Tah kitoe toengtoengna djalma koret teh; keur naon ngampihan doewit pėti-pėti, ari teu kahakan mah.

Katjaritakeun eta djalma kate, sanggeusna ti Ki Dipa, toeloej ka Pa Kasrëm rek meuli sapatoe noe sabeulah deui teja. Barang datang toeloej ngëtrokana panto.

Pa Kasrëm: „Saha eta di loewar?”

Kate: „Boeka panto! kaola rek ka sampean.”

Barang braj pantona diboeuka, toeloej djalma kate teh asoep.

Kate: „Sampean teu boga djoedjoewaleun?”

Pa Kasrëm: „Hënteu, kabeh oge barang kaola mah pěrloe bae.

Kate: „Apan sampean boga sapatoe gëlas, naha mowal didjoewal?”

Pa Kasrëm: „Èh, ënja! tapi taja pëtana didjoewal ari moerah-moerah mah.”

Kate: Kadijeukeun, koe koela dibeuli saratoes ringgit.”

Pa Kasrëm: „Ah, mowal!”

Kate: „Kadijeukeun, koe koela dibeuli sareboe ringgit, heh ijeu doewitna kontan!”

Pa Kasrëm: „Ih alah, pon sareboe ringgit, nadjan leuwih ti sakitoe oge mowal didjoewal. Tatapi ari

sampean keukeuh mah, seug, tapi koedoe daek sapa-  
menta kaoela.”

Kate: „Seug; naon atoeh kahajang sampean teh?”

Pa Kasrēm: „Geura reungeukeun, kaoela rek njarita  
heula: Kaoela teh djadi toekang tani sarta malarat,  
ari kaboga taja deui ngan sawah saeutik, woeloekoe  
hidji djeung moending leutik sarakit, koesabab kitoe  
ari dipake digawe teh sok ripoeh. Lamoen sampean  
daek noekeuran mah koe woeloekoe anoe aloes, noe  
seukeut landjamna, noe hampang ditarikna, toer  
gampang dipakena digawe, taja sawijos, djeung sawah  
kaoela hajang loba beubeunanganana.”

Kate: „Hēnteu aja deui pamenta sampean teh?”

Pa Kasrēm: „Teu aja.”

Kate: „Eta mah seug, kadijeukeun bae sapatoe teh,  
kaoela rek balik.”

Pa Kasrēm: „Na mana ari woeloekoena?”

Kate: „Edas! koe keukeuh woeloekoe-woeloekoe  
bae. Heug kitoe nja kitoe, tjig ajeuna geura tejang  
ka pipir imah.”

Tidinja Pa Kasrēm toeloej ka pipir, ěnja eta woe-  
loekoe teh geus aja. Geus kitoe sapatoe teh dibikeun,  
teu lila eta djalma kate leungit.

Isoekna eta woeloekoe toeloej diadjaran, ěnja seukeut  
pisan, hampang dipakena. Dina oesoem diboewat beu-  
beunanganana eta sawah katjida pisan leuwihna batan  
ka toekang. Saban taoen kitoe bae, datangka lila-lila  
Pa Kasrēm djadi soegih, tjoekoep pikeun maraban  
djeung mere make anak ewena.

Tah kitoe kadjadianana djalma anoe bēnēr teh.  
Tjik mēnding mana, djadi Pa Kasrēm atawa djadi  
Ki Dipa?



## EUSINA.

---

1. Oetjing-oetjingan . . . . .	lambaran	1.
2. Kawoeng . . . . .	"	2.
3. Marak . . . . .	"	6.
4. Noe rajoengan. . . . .	"	8.
5. Andjang-andjangan . . . . .	"	10.
6. Tejangan këtjap-këtjap. . . . .	"	12.
7. Kokoletjeran . . . . .	"	13.
8. Boedak tjëtjërëméd . . . . .	"	15.
9. Djangkrik . . . . .	"	17.
10. Kadoe. . . . .	"	18.
11. Boedak angon . . . . .	"	20.
12. Kahoeroean . . . . .	"	22.
13. Marijah djeung Samsi. . . . .	"	25.
14. Ambil-ambilan . . . . .	"	27.
15. Toetoeroetjingan . . . . .	"	29.
16. Boedak tjoelika . . . . .	"	30.
17. Ngakoet. . . . .	"	31.
18. Pëpëtasan . . . . .	"	34.
19. Boedak hawëk . . . . .	"	36.
20. Kalong . . . . .	"	37.
21. Toekang kaleng . . . . .	"	39.
22. Sapërti nomër 6. . . . .	"	43.
23. Djadjan . . . . .	"	43.

24. Hahajaman . . . . .	lambaran	45.
25. Djapati . . . . .	”	46.
26. Soesoempit . . . . .	”	48.
27. Badak . . . . .	”	49.
28. Boedak bageur . . . . .	”	51.
29. Noe maling katjèkèl . . . . .	”	53.
30. Anoe bangor sok meunang tjilaka.	”	55.
31. Loerah . . . . .	”	56.
32. Soewalan . . . . .	”	58.
33. Taneuh porang . . . . .	”	58.
34. Ngora keneh tapi pintër . . . . .	”	60.
35. Sapatoe gëlas . . . . .	”	62.

### ANOE SALAH BĒNĒRKEUNEUN.

Lambaran.	Djadjaran.	Salahna.	BĒnĒrna.
1 . . . . .	5 ti l.	toewakampoeng .	toewa-kampoeng
” . . . . .	3 ti h.	saoerang . . . . .	sooerang
3 . . . . .	12 ti l.	henteu . . . . .	hĕnteu
8 . . . . .	5 ti h.	njaahna . . . . .	njaähna
11 . . . . .	7 ti l.	ngamong . . . . .	ngomong
” . . . . .	15 ti l.	batang . . . . .	datang
” . . . . .	13 ti h.	hinteu . . . . .	hĕnteu
12 . . . . .	6 ti l.	tih . . . . .	teh
15 . . . . .	10 ti h.	randjang . . . . .	karandjang
20 . . . . .	11 ti h.	hĕndeui . . . . .	hĕnteui
21 . . . . .	1 ti l.	peuteujselong . .	peuteuj-selong
40 . . . . .	16 ti l.	pan-jana . . . . .	pa-njana
” . . . . .	3 ti h.	pepek . . . . .	pĕpĕk

45.  
46.  
48.  
49.  
51.  
53.  
55.  
56.  
58.  
58.  
60.  
62.

peng

ng



RLG FILM

Digitized by Google

